ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№135 (24.729) • 2024 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •




# Уасэ зимыIэщ я мыхьэнэр

**«Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда» республикэ газетищыр илъэси 100 зэрырикъуам и щIыхькIэ, абыхэм я лэжьакIуэхэр щэкIуэгъуэм и 7-м Налшык къалэм и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щагъэлъэпIащ.**

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** пшыхьым къыщыщыпсалъэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, къэкIуэнур зыухуа и цIыху гуащIафIэхэм я лэжыгъэр а газетищым я напэкIуэцIхэм зэрахъумэр.

- Илъэси 100-кIэ къэгъуэгурыкIуа республикэ газетхэм гъуэгуанэ дахэ къызэранэкIащ. Иджырей хъыбарегъащIэ Iэмалхэм журналистым и IэщIагъэм нэхъри зрагъэубгъуащ, цIыхухэм нэхъ псынщIэу хъыбархэр Iэрагъэхьэф хъуащ. Абы къыдэкIуэу, уасэ зимыIэщ газетхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэ зэрагъэзащIэр. Газетым и лэжьакIуэхэр цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр ящIэу ядогъуэгурыкIуэ, жылагъуэм зэгурыIуэ щыIэным, ар зэкъуэтыным, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI. Хъыбарегъащlэ Iэмалхэм - телевиденэм, Интернетым, радиом - заужьами, газет къыдэкIыгъуэхэм я мыхьэнэр нэхъ мащIэ абыхэм ящIакъым. Журналистхэм елъытащ цIыхум я гукъыдэжыр зыхуэдэнур, сыту жыпIэмэ ахэр фи тхыгъэхэм йоджэ, фи псалъэхэм дзыхь хуащI. ЩIыналъэ унафэщIхэм ди мурадщ зи тхыгъэхэр пэжым и телъхьэу цIыхубэр зэкъуэтыным елэжь журналистхэр адэкIи дгъэгушхуэну, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр едгъэфIэкIуэну. Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм - Хэкум и цIыху пажэхэм, къэралым, республикэм хуэщхьэпэн зыщIэ лэжьакIуэхэм - ехъулIэныгъэ фиIэу фатетхыхьу адэкIи фи лэжьыгъэм пыфщэну ди гуапэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм хъыбарегъащIэ IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэм фIыщIэ яхуищIу КъБР-м и ЩIыхь тхылъхэр яритащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь Къаншокъуэ Эллэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым къыдэзыгъэкI и редактор Къожакъ Мае, «Заман» газетым и унафэщI-редактор Жангуразовэ Нажабат сымэ.

Я зэфIэкIымрэ я лэжьыгъэм емызэшу зэрегугъумрэ пэкIуэу, «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ: «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор НэщIэпыджэ Замирэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и унафэщI-редактор Гуртуев Расул, «Заман» газетым и редактор Трамовэ Зухра.

КъБР-м и Iэтащхьэм и ФIыщIэ тхылъыр иратащ: «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор Щхьэщэмыщl Изэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент Биденкэ Маринэ, «Заман газетым и редактор Османов Хьисэ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*



**КъБР-м и дамыгъэ лъапIэхэр зратахэу ЩхьэщэмыщI Изэ, Къаншокъуэ Эллэ, НэщIэпыджэ Замирэ сымэ.** *Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и унэм щекIуэкIынущ «2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ 2026 - 2027 гъэхэм тещIыхьамрэ теухуа» едэIуэныгъэхэр.

Законым и проектым ехьэлIауэ щыIэ еплъыкIэхэмрэ хэлъхьапхъэу къалъытэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ, апхуэдэуи IуэхущIапIэхэм, къэрал, муниципальнэ къулыкъущIапIэхэм къабгъэдэкIыу, едэIуэныгъэ зэIухам хэтыну жэрдэм зиIэхэм я тхылъхэр ирагъэхь хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым. *ХэщIапIэр:* 360000, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55.

*Телефоныр: (8662) 42-64-60*

***КъБР-м Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIамрэ папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм мы и лэжьакIуэхэм етын:

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхь тхылъыр***

**Жангуразовэ Нажабат Абдурэхьман и пхъум** - «Заман» газетым и унафэщI-редакторым,

**Къаншокъуэ Эллэ Вячеслав и пхъум** - «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым,

**Къожакъ Мае Хьэмыщэ и пхъум** - «Кабардино-Балкарская правда» газетым къыдэзыгъэкI и редакторым;

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр яфIэщын:***

**Гуртуев Расул Сэлихь и къуэм** - «Кабардино-Балкарская правда» газетым и унафэщI-редакторым,

**НэщIэпыджэ Замирэ Лиуан и пхъум** - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторым,

**Трамовэ Зухра Хьэбибулахь и пхъум** - «Заман» газетым и редакторым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м*
*№126-УГ*

Гъэгушхуэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

ЕхъулIэныгъэ инхэр зэриIэм, IэщIагъэмкIэ и Iэзагъыр зэрылъагэм икIи хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и фIыщIэ хуэщIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм мы и лэжьакIуэхэм:

**Биденкэ Маринэ Валерий и пхъум** - «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондентым,

**Османов Хьисэ Лейлун и къуэм** - «Заман» газетым и редакторым,

**ЩхьэщэмыщI Изэ Барэсбий и пхъум** - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м*
*№163-РГ*



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Балъкъэр усыгъэм и гуащэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзиля хуэзащ.**

ЗИ МАХУЭШХУЭР республикэм щагъэлъапIэ усакIуэм и цIэкIэ ипэ махуэм литературэмрэ музыкэмрэ щызэIэпэгъу пшыхь дахэ зэхашащ. Абы къекIуэлIащ Зумакуловэм ехъуэхъуну щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ IэщIагъэлIхэр, гъэзэщIакIуэ, хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, цIыхубэм я лIыкIуэхэр, и зэчийм пщIэ хуэзыщIхэр.

А махуэ дыдэм Налшык Усыгъэм и лъэс лъагъуэм щекIуэкIащ Зумакуловэм и усэхэм къыщеджа зэIущIэ. УсакIуэм и махуэ лъапIэм къыщыпащащ езыр къыщалъхуа Iуащхьэмахуэ районым.

Зумакуловэ Танзиля Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Абы и усыгъэм къыщигъэлъэгъуащ хэкум и дахагъэр, балъкъэр псэукIэ хабзэмрэ лъэпкъ хьэлымрэ зыми зэремыщхьыр. Зумакуловэм и IэдакъэщIэкIхэр теухуащ гуапагъэм, цIыхугъэм, хэку фIылъагъуныгъэм, къызыхэкIа лъэпкъым. УсакIуэм и Iэзагъым къэралым и гулъытэ игъуэтащ, саугъэт куэдкIэ къыхагъэщащ.

КIуэкIуэ Казбек Зумакуловэм узыншагъэ быдэ иIэрэ и усэхэр фIыуэ зылъагъухэр игъэгуфIэу иджыри илъэс куэдкIэ дунейм тетыну ехъуэхъуащ.






*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

# Уасэ зимыIэщ я мыхьэнэр

АдэкIэ псэлъапIэм къытехьащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**. Ар къеджащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къигъэхьа тхыгъэм. Абы итт: «Газет къыдэкIыгъуэхэр лъэпкъхэм я тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм я щIэнгъуазэу къэплъытэ хъунущ. ЛIэщIыгъуэм къриубыдэу газетхэр зэманым и гъэунэхуныгъэхэми пэлъэщащ, лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэри ди нобэм къахьэсащ. Газетхэм я тхыдэр быдэу епхащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрызэфIэувамрэ зэрызиужьамрэ. Ди зэманми фи псалъэм цIыхур щIодэIу. Илъэсищэ гъуэгуанэмкIэ газетищми сынывохъуэхъу икIи фIыщIэ фхузощI анэдэлъхубзэхэр хъумэным фызэрытелажьэм папщIэ. Ар ди зэманми мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ».

Журналистхэм ехъуэхъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**: «Къалэмыр зыIыгъ, псалъэм и къарур зи IэщIагъэм къыщызыгъэсэбэпыф журналистхэм я IуэхущIафэм и мыхьэнэр къэIуэтэгъуейщ. Псом хуэмыдэжу нобэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Iуэхум и пэжыпIэр цIыхум деж нэхьэсыным. ФIыщIэ ин фхузощI фи IэщIагъэм, Хэкум фызэрыхуэпэжым, адыгэ щэнхабзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ хъумэным, ахэр цIыхубэм я деж нэгъэсыным, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ хъуным хэлъхьэныгъэ зэрыхуэфщIым папщIэ», - жиIащ тхьэмадэм. Абы ДАХ-м къыбгъэдэкI дамыгъэхэр яхуигъэфэщащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэу Чэрим Марьянэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Хьэщыкъуей Олег сымэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и журналист Богачёвэ Иринэ, «Заман» газетым и редактор Тикаевэ ФатIимэ.



Махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм ехъуэхъуну пшыхьым къеблэгъат ди къуэш республикэхэм къикIа хьэщIэхэри: «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **МэшлIокъуэ Саидэ** (Адыгэ Республикэ), КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и УнафэщIым и дэIэпыкъуэгъу, Къэрэшей-Шэрджэсым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ**, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Абидокъуэ Люсанэ**, «Къарачай» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Байрамкуловэ Зульфия**, «Растдзинат» газетым и къыдэкIыгъуэ хэхахэм я редактор **Сланов Аслъэн** (Осетие Ищхъэрэ - Алание).

- Мы махуэшхуэр зэкъуэш республикэхэм ди зэхуэдэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, илъэс 40-м нэблэгъауэ газетхэр дызэдолажьэ, ди тхыгъэхэмкIэ дызохъуажэ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэм фIыуэ дызэрегъэцIыху, зы гуп хуэдэу дызэдегъэлажьэ. Иджыблагъэ махуищкIэ ди журналист къэдгъуакIуэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIа къудейщ. ЖысIэнуращи, псалъэм макъ зэрыщIэтын хуейм ещхьу, «Адыгэ псалъэмрэ» «Адыгэ макъымрэ» адэкIи дызэкIэлъыкIуэну ди гуапэщ. Дызылъэпкъщ, дызэлэжьыр зы Iуэхущ, - къыхигъэщащ МэшлIокъуэ Саидэ. Апхуэдэуи ар къеджащ АР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къэрал комитетым и хъуэхъу тхыгъэм.

Абидокъуэ Люсанэ Къэрэшей-Шэрджэсым Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымкIэ и ЩIыхь тхылъыр яритыжащ «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман» газетищми я редакцэхэм. Къыхэгъэщыпхъэщ, Абидокъуэр зи унафэщI «Черкес хэку» газетым и зы къыдэкIыгъуэр «Адыгэ псалъэм» и илъэси 100-м зэрытриухуари. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Люсанэ «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэ зыбжанэм къыдитыжащ КъШР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымкIэ и министерствэм къытхуигъэфэща щIыхь тхылъхэр: Жыласэ Маритэ, Табыщ Мурат, сэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс 23-кIэ и редактор нэхъыщхьэу щыта **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** жиIащ 1970 - 1980 гъэхэм зэрыщытам хуэдэу, газетхэм я тиражыр мин 20-м нэс хъужыну зэраплъапIэр. «Псалъэм и къарур инщ, псом хуэмыдэу бзэр хъумэным ехьэлIауэ. Абы къыхэкIыу къыдэкIыгъуэхэм гулъытэ яIэн зэрыхуейм шэч хэлъкъым», - жиIащ ХьэфIыцIэм.

Пшыхьым ягу къыщагъэкIыжащ республикэ газетхэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэр. Абыхэм ящыщу и цIэ къраIуащ 1998 гъэм къыщыщIэдзауэ 2021 гъэ пщIондэ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта Аттаев Жамал.

ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** газетищым я махуэшхуэмкIэ щехъуэхъум къыхигъэщащ къыдэкIыгъуэхэм я пщIэр зэрылъагэр. «Прессэм хъыбарыщIэхэр зэбгригъэкI къудейкъым, абы бзэр ехъумэ, цIыхум и гупсысэр еунэтI. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ абы и Президент Къанокъуэ Арсенрэ къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу ехъулIэныгъэхэр фиIэну», - жиIащ къэпсэлъам. Абы ЩIДАА-м хэт Щоджэн Iэсхьэд къыдигъэкIа «Адыги» тхылъыр «Адыгэ псалъэ» газетым тыгъэ къыхуищIащ.

- Журналист лэжьыгъэм илъэс 20-м щIигъуащ сызэрыхэтрэ - корреспондент лэжьыгъэм къыщыщIэдзауэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и унафэщI къулыкъум щыщIэкIыжу. Ауэ сыт щыгъуи си гум IэфIу илъщ «Адыгэ псалъэм» лэжьэн къызэрыщыщIэздзар. ИкъукIэ фIыщIэ яхузощI, си насып къихьу, а илъэсхэм къыздэIэпыкъуа нэхъыжьхэм. Газетым и лэжьакIуэхэр нобэми псэкIэ спэгъунэгъу гупщ. «Адыгэ псалъэращ» журналист IэщIагъэр фIыуэ щыслъэгъуар, гъащIэ гъуэгу схуэзыщIар. Сынывохъуэхъу ехъулIэныгъэхэр дяпэкIи фиIэну, - жиIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и унафэщI **Къэзанш Людмилэ**.

Пшыхьым и кIэм «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Жыласэ Заурбэч**, **Бжьахъуэ Ранетэ**, **Конаков Хьэсэн** сымэ махуэшхуэр къадэзыIыгъахэм фIыщIэ хуащIащ. Абыхэм къыхагъэщащ илъэси 100 гъуэгуанэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъуа Iуэхугъуэ псори газетхэм я напэкIуэцIхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар, дэтхэнэри и къалэным пэлъэщауэ къызэралъытэр.

- Илъэси 100-м къриубыдэу зы щIэблэм и пIэм адрейр къиувэу ди газетхэр къэгъуэгурыкIуащ, лэжьакIуэ пщIы бжыгъэхэр абыхэм щызэблэкIащ. Мы Iуэхум ирихьэлIэу «Адыгэ псалъэ» газетым тхылъ щхьэхуэ къыдигъэкIащ, зыми и гуащIэр дымыгъэкIуэдын папщIэ. Газетым и блэкIамрэ абы щылэжьахэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр зэрыт къыдэкIыгъуэр ди лъэпкъ газетым и щIэнгъуазэу къэплъытэ хъунущ, - жиIащ Жыласэ Заурбэч. - Иужьрей илъэс 40-м ди редакцэм и унафэщIу щытар цIыхуитIщ: Мэзыхьэ Борисрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ. Дэтхэнэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ адыгэ журналистикэм. Мэзыхьэм хузэфIэкIащ Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ къыщыдэкI лъэпкъ газетхэм я гъусэу номер зэхэтхэр ягъэхьэзыру ищIыну, ХьэфIыцIэм дапищIэжащ хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм. ФIыщIэ яхузощI зэпымыууэ гулъытэ къытхуэзыщI ди щIыналъэ унафэщIхэми «Адыгэ псалъэр» къызыIэрыхьэ ди щIэджыкIакIуэхэми. Тхьэм фригъэфIакIуэ!

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Тэрч къэзакъхэр», «Балкария», Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт макъамэ школым лъэпкъ къафэмкIэ щапхъэ зытрах и «Шардан» гупхэм хэтхэм, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Теппеев Алим, КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Еуаз Азэмэт, «Голос. Дети» нэтыным пажэ щыхъуахэм ящыщ Куэцэ Идар сымэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*





● ЗэIущIэхэр

# Гъуэгуанэщ|эхэм къыхохъуэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ «Новапорт Холдинг» ООО-м и унафэщI Янкилевич Евгенийрэ тепсэлъыхьащ Налшык дунейпсо аэропортым игъуэтыну зыужьыныгъэхэм.**

ЯНКИЛЕВИЧ Евгений щIыналъэм и Iэтащхьэм иригъэцIыхуащ Налшык дунейпсо аэропортым и унафэщIу ягъэува Айнетдинов Сергей. Абы нэхъапэкIэ Кольцовэ, Краснодар, Сочэ аэропортхэм унафэщI къулыкъухэр щиIыгъащ. Мы IэнатIэм къэкIуэн и пэ Волгоград дэт аэропортым и унафэщIым и япэ къуэдзэу лэжьащ. Айнетдинов Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрым унагъуэ щиухуащ, илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIыналъэм щопсэу. Республикэм и Iэтащхьэр абы ехъуэхъуащ и IэнатIэщIэм ехъулIэныгъэхэр щиIэну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм зэман гъунэгъум къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм. Абыхэм ящыщ зыщ ковид лъэхъэнэм и пэкIэ зэрыщытам хуэдэу, илъэсым къриубыдэу абы щызэблэкI цIыху бжыгъэр мин 350-м нэгъэсыжыныр, зыужьыныгъэм хуэзышэну лъабжьэ быдэр гъэтIылъыныр. Мы зэманым аэропортым ухуэныгъэ щхьэхуэхэр щокIуэкI. 2024 гъэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щыIащ: цIыхухэм билетхэр къыщащэху, кхъухьлъатэм щитIысхьэну зэманыр къыщысынум щежьэ, къыщапщытэ пэшхэр зыхуей хуагъэзащ. Апхуэдэуи бизнес-залыщIэ яухуащ. НэхъапэкIэ зыхуей хуагъэзэжащ унэ щIыбыр, аэропортым къегъэщIылIа щIыпIэр зэIузэпэщ ящIащ.

И гугъу ящIащ аэропортым и инфраструктурэр егъэфIэкIуэнымкIэ проект зэмылIэужьыгъуэхэр зэгъусэу зэрагъэзэщIэнум. Я мурадщ кхъухьлъатэ гъуэгуанэщIэхэм къыхагъэхъуэну. Иджыблагъэ «Новапорт Холдинг» ООО-мрэ щIыналъэмрэ зэгъусэу проектыщIэ ягъэзэщIащ. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуащ Санкт-Петербург и Правительствэр. Налшыкрэ Санкт-Петербургрэ зэпызыщIэ кхъухьлъатэ гъуэгуанэщIэм щIэупщIэшхуэ иIэщ, тIысыпIэ нэщI щиIэ зэи къэхъуакъым.

---

# Тыншу къалэм щызекIуэнущ

**ЩIыналъэ гъуэгухэр зэпэщ щIыжынымкIэ дяпэкIэ егъэкIуэкIын хуей лэжьыгъэхэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэхэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэнрэ тепсэлъыхьащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ мы гъэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ ди щIыналъэм. Хуагъэуваур щыта пIалъэм нэхърэ нэхъ псынщIэжу тралъхьащ Бахъсэн - Къызбрун гъуэгум хиубыдэу Куба къуажэм и Iэхэлъахэм ит лъэмыжыр. ДяпэкIи нагъэсыну мэгугъэ Аргудан къуажэмрэ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэмрэ я зэхуакум дэлъ гъуэгум и 15-нэ километрыр.

Машинэхэм я бжыгъэр хэхъуэ зэпытщ икIи ахэр зэблэгъэкIыныр лэжьыгъэшхуэу къыхуоув министерствэм. Абы къыхэкIыу къалъытащ языныкъуэ гъуэгухэм зегъэубгъун хуейуэ. ЗэрыжаIэмкIэ, гъуэгухэм зрагъэубгъуа нэужь къалэ кIуэцIым, къуажэ, къалэ зэпылъыпIэхэм деж щызэтрихьэ машинэхэр нэхъ зэхэкIынущ, зыр адрейм зэран хуэмыхъуу зэблэкIыфынущ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Шэджэм уикIыу Бахъсэн къалэм узэрыкIуэ гъуэгур.

Шэджэм 2-рэ Булунгурэ зэпызыщIэ километр 25-м, Новопавловск - Прохладнэ - Мэздэгу (километри 6,5-рэ), Малкэ -Ингушли (километри 8,1-рэ) щыпащэнущ гъуэгу лэжьыгъэхэр. Абы хэтщ лъэмыжи 9.

КъраIуащ нэхъапэм гъуэгу темылъауэ иджы абы щелэжьыну щIыпIэхэри. ЗэрыжаIамкIэ, Налшык къалэ дэт машинэхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуам къыхэкIауэ аращ ар. 2020 гъэм къалэм махуэ къэс машинэ мин 50 къыдыхьэу щытамэ, 2024 гъэм а бжыгъэр мин 89-рэ хъуащ. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу къалэм щызэхэзекIуэ а машинэ бжыгъэр зыгуэрурэ зэблэгъэкIын папщIэ, Налшык къалэ укъезышалIэ гъуэгухэр зэхэгъэщхьэхукIауэ ящIынущ.

# «Хэкум и хъумакIуэхэм» зыхуагъазэ

**«Хэкум и хъумакIуэхэр» урысейпсо фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыщызэщIакъуэжащ илъэсрэ мазитхум зэфIагъэкIа лэжьыгъэр.**

ЯПЭ махуэм щегъэжьауэ, IэщIагъэлIхэр елэжьащ къыхуагъэхь тхыгъэхэми телефонкIэ зыкъызэрыхуагъэзами. Апхуэдэуи социальнэ сетхэм щаIэ напэкIуэцIхэм къахуэзытххэми я упщIэхэм жэуап иратащ.

IуэхущIапIэм и пресс-IэнатIэм къызэритымкIэ, 2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м ирихьэлIэу, фондым цIыху 7850-м зыкъыхуагъэзащ Iуэхугъуэ 15300-кIэ. Нэхъыбэу ахэр зытеухуауэ щытар дзэ Iуэху хэхам хэтхэм къэралым ахъшэкIэ зэрызащIигъакъуэр къазэрыIэрыхьэнырщ, ветераным и тхылъыр къызэрыдахыну щIыкIэрщ, узыншагъэр зэрырагъэфIэкIуэжынумрэ медицинэ, юридическэ дэIэпыкъуныгъэхэр зэрагъуэтынумрэщ. Фондыр а Iуэхухэм хэплъащ, нэхъыбэр зэфIагъэкIащ, адрейхэм иджыри йолэжь.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм и хэщIапIэр: Налшык къалэ, Къэбэрдей уэрам, 160 унэ. Абы упсалъэ хъунущ +7 988 928 95 34 телефон номерымкIэ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**



# Гупсысэ щIэщыгъуэхэмкIэ зохъуажэ

**КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщри, Налшык къалэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ къыщыдэкI газетхэм нобэ я Iуэху зэрыдэкIым, газетыр гъэхьэзырыным, зэбгрегъэхыным ехьэлIауэ щыIэ гугъуехьхэр зыхуэдэм, нэгъуэщIхэми ятеухуа зэIущIэ. КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч зэIущIэр къызэIуихащ икIи щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа редактор нэхъыщхьэхэмрэ журналистхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ зыпэрыт Iуэхум нэхъри зрагъэужьын мурад яIэу къызэрызэхуэсам папщIэ, икIи я лэжьыгъэм Iэмалыщ|эхэр халъхьэн щхьэкIэ я гупсысэхэмкIэ, IуэхущIэкIэхэмкIэ зэчэнджэщыну къыхуриджащ.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Романовская Аннэ, КъШР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Тхьэгъэпсо Увжыкъуэ, Адыгэ Республикэм къыщыдэкI «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ МэшлIокъуэ Саидэ, абы и къуэдзэ Тау Замирэ, «Адыгэ макъым» и корреспондент Ансыкъуэ Иринэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыIэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ, газетым жэуап зыхь и секретарь, «Лэгъупыкъу» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Аслъэныкъуэ Мадинэ, «Къарачай» къэрэшей газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Байрамкуловэ Зульфия, «День республики» газетым и лэжьакIуэ Килбэ Светланэ (КъШР), «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бжьахъуэ Ранетэ, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Конаков Хьэсэн, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ НэщIэпыджэ Замирэ (КъБР), Осетие Ищхъэрэ - Аланием къыщыдэкI «Растдзинад» газетым и редактор Сланов Аслъэн сымэ.

Жыласэ Заурбэч зэIущIэм и пэщIэдзэм тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI газетхэм нобэ я Iуэху зыIутым, лъэпкъыбзэкIэ дунейм къытехьэ къыдэкIыгъуэхэм я щхьэхуэныгъэхэмрэ абыхэм нэхъри зрагъэужьын папщIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, гугъуехь нэхъыщхьэу къапэщытыр газетхэм лэжьакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэр зэрымащIэмрэ Iэ тедзэным пыщIа гугъуехьхэмрэщ.

«Адыгэ макъым» и редактор нэхъыщхьэм жиIащ редакцэр лэжьакIуэкIэ зэрызэпэщыр, ауэ щIалэгъуалэ зэрамащIэр. «Дэ ди лэжьыгъэр хуабжьу къытщегъэпсынщIэ АР-м и Правительствэмрэ Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлэжьэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ къэрал комитетым. Газетым Iэ тезыдзэфхэр зэрымащIэм къыхэкIыу, хэкIыпIэ къэдгупсысащ. Ди газетым и уасэр сом миным щIегъу, ауэ цIыху е IуэхущIапIэ щхьэхуэм газет 15 е нэхъыбэ зэуIуу тридзэм, соми 150-кIэ къещэхуф. Ахэр дэ яхудошэж. КъищынэмыщIауэ, а уасэ дыдэмкIэ традзэф, редакцэм деж къыщызыщтэжыфхэм. Ди щIэджыкIакIуэхэм тхьэмахуэм тхуэ къыдэкI газетыр яфIэгъэщIэгъуэн хъун папщIэ журналистхэр щIэх-щIэхыурэ районхэм догъакIуэ. Къуажэдэсым газет тридзэн папщIэ, абы езым зыщилъагъужын е и гъунэгъур зэрылэжьакIуэфIым теухуа тхыгъэ къыщеджэн хуейщ. Лэжьапlэ пэшым щIэмыкIыу щIэс журналистым тхыгъэ гъэщIэгъуэн хуэтхынукъым, тхыгъэр мыгъэщIэгъуэнмэ, газетым зыри еджэнукъым», - жиIащ МэшлIокъуэ Саидэ.

Абы къыхигъэщащ газет мини 4 къыдагъэкIын хуейуэ я пщэ зэрилъыр, нобэ абы зыкъомкIэ зэрыщIрагъэгъур. Абы ипкъ иткIэ, районхэм кIуэурэ цIыхухэм, щIэджыкIакIуэхэм зэраIущIэр, газетым Iэ традзэн щIыхуейм и мыхьэнэр къызэрыгурагъаIуэр жиIащ Саидэ. Апхуэдэ Iэмал «Заман» газетми къызэригъэсэбэпыр жиIащ Конаков Хьэсэн.

Абидокъуэ Люсанэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ къэралым къыдэкIын хуей бжыгъэу къахуигъэувыр нобэкIэ зэрагъэзэщIэфыр, абы папщIэ Iэмал зэмыщхьхэр къызэрагъэсэбэпыр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, курыт еджапIэм щылажьэхэм газет 20-м Iэ традзэмэ, хуашэж, апхуэдэуи къуажэхэм дэт пощтхэм Iэрагъэхьэ.

- Гуапэ пщымыхъуу къанэркъым фи лэжьыгъэм апхуэдэ гукъыдэж фыхуиIэу фызэрыхущытыр, газет къыдэгъэкIыным иужь фызэритым нэмыщIи, ар зэбгрегъэхыным щхьэкIэ фыгузавэу къызэрызэвгъэпэщри куэд и уасэщ. Сыт хуэдэ зэман дыщыпсэуми, сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэхъуми, газетыр сыт щыгъуи псэунущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, шэч зыхуащI хъыбар гуэр цIыхухэм яIэщIыхьамэ, и пэжыпIэр къыщалъыхъуэр тхылъымпIэм тет газетращ. Абы къегъэлъагъуэ газетым дзыхь нэхъ зэрыхуащIри, цIыхубэм яIэщIэлъын зэрыхуейри, - жиIащ Романовская Аннэ.

Конаков Хьэсэн жиIащ адрей республикэхэм къащхьэщыкIыу, КъБР-м урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм электрон къыдэкIыгъуи зэраIэр, ар тхьэмахуэм тхуэ зэрагъэхьэзырыр.

Къызэхуэсахэм гууз-лыуз яIэу тепсэлъыхьащ газет къыдэгъэкIыным епха гугъуехьхэм икIи щхьэпэ хъун куэд зэIущIэм наIуэ къыщащIащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

*Сурэтхэр тезыхар* **Къарей Элинэщ.**



● ТхылъыщIэ

# «Балъкъ Iуфэ ныджэ»

***ТхакIуэм, усакIуэм, тхыдэтхым тхылъыщIэ и къалэмыпэ къыщIэкIа нэужь сабий къыхэхъуам хуэдэу щогуфIыкI. Апхуэдэу дунейм къытехьащ усакIуэ Куэцэ Хьэсэн «Балъкъ Iуфэ ныджэ» и усэ тхылъыр. Балъкъ нэхъ псы кIыхь ди республикэм иIэкъым. А псы ежэхым и Iуфэ Iус къуажэхэм ящыщ дэтхэнэми а фIэщыгъэцIэр зэрилъагъуу а псыхъуэм щигъэкIуа сабиигъуэр и нэгу къыщIыхьэжынущ. ИпэжыпIэкIи сабиигъуэм уигъэгъэзэжу тхылъым итщ усэ зыбжанэ, гъэщIэгъуэну гум къипсэлъыкI, псэм едэхащIэ гъащIэр щIэщыгъуэ къыпщызыщI защIэщ. УсакIуэр усакIуэ зыщIыжыр и чэзум псалъэхэр къыпхуигъэкIуатэрэ а жиIэмкIэ дахэм, фIым укъызэрыхуигъэушыфырщ. Сэ къызэрысщыхъуамкIэ, Куэцэ Хьэсэн къехъулIащ усэнри а усэмкIэ дахагъэм укъыхуигъэушынри.***

СЭ СЫКРИТИККЪЫМ, сытхылъеджэу аркъудейщи, куэдым нэ гуапэкIэ сригъэплъу, сыдихьэхыу, абы и усэ сызэджахэр мащIэкъым. Апхуэдэ усэ сатырхэр къэзгъэлъэгъуэн ипэ, езы ди ныбжьэгъум и гугъу сщIынут.

Куэцэ Хьэсэнрэ сэрэ куэд щIауэ дызэроцIыху, абы и анэ шыпхъум и къуэ Хьалилэ Хьэзрэталийрэ сэрэ дызэдеджэрт, дызэкIэлъыкIуэу дызэныбжьэгъут. Хьэталий и къуэшыр фIыуэ илъагъурт, ахэри зэкIэлъыкIуэрт. Балъкъ псыхъуэм куэдрэ а зэныбжьхэр дыщызэхуэзэрт, псыхъуэм и пшахъуэр дыщызэбэн алэрыбгъут. Хьэсэни апхуэдэхэм мыхуэмыхуу зыкъыщигъэлъагъуэрт, ауэ хьэлэмэту къазэрыхэщыр хэлъ гупцIанагъэрт. Ди джэгум: ар иретоп, иребэнэкIэ, ирeIэпщэрыбанэ, иресэпэхэтIэ, нэгъуэщI гуэрми щыхэткIэ, гуапагъэр и нэгум икIынутэкъым. АбыкIэ а щIалэр зэуэ балигъ хъуауэ псом япэ ищати, зэрыджэгур къыгурыIуэу джэгуу ежьэж мыхъумэ, «Ирауд бэнэнкIэ зигъэнщIыркъым», зыхужаIэм щыщакъым. ЩыджэгукIэ, щIалэжь цIыкIухэм я лъэгуажьэ е IэфракIэ щытеуд къэхъурkъэ! Апхуэдэхэм дежи Хьэсэн псом япэ и гупцIанагъэр къыплъызыгъэс щIалэ цIыкIут. УIэгъэ илъэгъуамэ, къызэрыбдэIэпыкъуным нэхъ хущIэкъуу, удз е нэгъуэщI зыгуэр а лъы къыздикIым пхутрилъхьэнурэ пхуипхэжынут. А гупцIанагъэр Хьэсэн зэрыцIыкIурэ къыдогъуэрыкIуэ, ар хэлъщ и усэхэми. Псалъэм папщIэ, «УсакIуэм и гур» жыхуиIэм мыпхуэдэу укъыщоджэ:

**Лей зытехьахэр фIэгуэныхьу,**
**Мызагъэу къеуэ, усакIуэгу....**
**ТхьэмыщкIэу псэухэр уэ щыбгъафIэм,**
**Гу быдэ куэди дыхьэшхащ,**
**Къыдэхуэбэжу уи жьэгу мафIэм,**
**ПIыщIа факъырэхэр бгъэшхащ.**

Мы псалъэхэр, шэч хэмылъу, езы усакIуэм и гъащIэ гъуэгум епха гупсысэщ, езым хэлъ хьэлщэнщ.

Куэцэм усэным гу хуищIа пэтми, ар IэщIагъэ ищIыну и гугъакъым. Дэтхэнэ ныбжьыщIэми хуэдэу, гугъэ дахэхэр, хъуэпсапIэхэр и куэдт абы. Псом япэу кхъухьлъатэзехуэ хъуну щIэхъуэпсырт. Уэгум иту къэзылъэтыхь бзу илъэгъуамэ, «къытхоплъэ, уафэми зыкIэримыщIэу, щIылъэми темыту» жиIэурэ кIэлъыплъырт. Кхъухьлъатэзехуэм апхуэдэу зэрылъэкIыр сабий гугъэти, школыр къызэриухыу еджапIэм кIуащ, уеблэмэ экзаменхэри итащ. «УщIэхуащ, къакIуэ уеджэну», жаIэу зэрырагъэблэгъа тхылъри къыIэрыхьэжащ, ауэ адэ-анэм я мыарэзыныгъэ а Iуэхум щыхилъагъуэм, абыхэм я жагъуэ имыщIын папщIэ, зыщIэгупсысыжри Налшык щыIэ политехническэ техникумым щIэтIысхьащ. Ар хъарзынэу къиухри, «Искож» комбинатым лэжьэн щыщIидзащ. Абдежми Хьэсэн ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр щигъэлъагъуэу екIуэкIащ, уеблэмэ щIалэ гурыхуэр IэщIагъэлI нэхъыфIхэм ящыщу къалъытэри, Италием ягъэкIуащ икIи абы и IэщIагъэм щыхигъэхъуащ.

Зэгуэр журналист лэжьыгъэкIэ «Искож» комбинатым сыкIуат, лэжьакIуэфI гуэрым сытетхыхьыну къалэн къысщащIауэ. ГъащIэр гъэщIэгъуэнщ. Сызытек Iухьар унафэщIхэм щажесIэм, Куэцэ Хьэсэн и цIэр къысхураIуащ.

Си къуажэгъут, ди сабиигъуэм дызэрыгъэныбжьэгъуат, ауэ куэд щIауэ и хъыбар сыщымыгъуазэу екIуэкIырт. Зэхэсхам сыщымыгуфIыкIыу къэнэнт?!

Хьэсэн а зэрынэфIэгуфIэт, зэрыцIыху гуапэт, зэрыгупцIанэт. Илъэс зыбгъупщI нэхърэ нэхъыбэ хъуауэ дызэрызэрымылъэгъуам зызэрихъуэжа щымыIэу апхуэдэт. Куэд дигу къэдгъэкIыжу дызэдэуэршэрт, дызэпэIэщIэу блэкIа зэманхэри къызэщIэскъуэжурэ ди зэпыщIэныгъэ зэпыуам къриубыдэу дэдгъэхуахэр иризгъэкъужырт...

Къызэрызжа Iауэ, ар лэжьакIуэшхуэт. Къалэн къыщащIыр игъэзащIэ къудей мыхъуу, гупсысэ жан иIэу и IэнатIэ езыхьэкI цIыхут. Абы и лэжьыгъэм хэлъу сигу къинар мащIэкъым, Хьэсэн гупсысэ жан зэриIэм теухуауэ. Куэцэр сменэм и мастерт. ЦIыху гуп игъэлажьэрт, езыри станок бгъэдэту къалэн тIуащIэ ихьырт. Фэ IэрыщI зэрагъэхьэзыр станокышхуэ цехым щIэтт, Японием кърашауэ. СтанокыщIэм тэмэму фэр къыщIигъэкIыу щытами, зэманыфI дэкIауэ зэIыхьэ хъуащ. Метри 150-рэ зи кIыхьагъ линэм фэр къыщыщIигъэкIкIэ, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къэбырыбу щIидзащ. Комбинатым и инженерхэр къраджащ, фэм дерт щIигъуэтыр зэхагъэкIыну. Абыхэм станокым и тхылъыр къащтауэ къалъыхъуэ сэкъат зиIэр, ауэ ягъуэтыркъым. Станокыр ягъэлажьэ, кIэлъоплъ, ныкъусаныгъэр къэзытыр яхуэгъэбелджылыкъым. Илъэс зыбжанэкIэ екIуэкIащ фэм мыхъунур къыхагъэжурэ, хъуар къагъанэу. Абы игъэгузавэрт Хьэсэни, Iуэху ищIащ линэм и ныкъусаныгъэр къызыхэкIыр езым зэхигъэкIыну. Арати, махуэ лэжьэгъуэр иухри, унафэщIхэри IэщIагъэлIхэри комбинатым дэкIыжащ. Куэцэм абыхэм яужь зыкъринэри, цехымкIэ игъэзэжащ, дерт къэзыт станокым и лэжьэкIэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну. Къигъуэтащ. Фэ IэрыщI хъунур езы линэм къэкIуэн и пэ, ар щызэхищIэрт къежьапIэм хэт фэндырэм. Ар зэхэзыщIэ фэндырэм зы гъуанэ цIыкIу иIэт. А гъуанэм Iулъ хъарым йоплъ. Гъуанэр хуабэм къит бахъэмрэ дагъэмрэ якудауэ, жьы кIуэжыртэкъым. Ныкъусаныгъэ псор абы къыхэкIыу зэрыщытымкIэ Хьэсэн шэч ещIри, гъущI хъарыр къыхех, къабзэу елъэщI, хегъэзэгъэжри станокым и фэ къыщIэкIыпIэм деж мэувыж. Сыхьэт ныкъуэ нэхъ емыжьауэ гу лъетэ дертыр нэхъ кIащхъэ зэрыхъуам. Ар ипэжыпIэкIэ зэхигъэкIыну, жэщым къонэри станокым бгъэдэтщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, станокым и гъуанэ цIыкIум жьыр ириубыдырти, зэхэщIар фэм тегуэша зэрыхъу мардэр зэм нэхъыбэу, зэм нэхъ мащIэу къиутIыпщу арат. Комбинатым и IэщIагъэлIхэми, уеблэмэ нэгъуэщI щIыпIэхэм кърашa инженерхэми илъэс зыбжанэкIэ къахуэмыгъуэтар къызэрыгуэкI Iуэхут. Абдеж нэгъуэщI зы ныкъусаныгъи къыщигъуэтащ Хьэсэн. «ХупцIынэр» щагъэхьэзыр фэндырэ зэтетитIым зым къикIыр адрейм щыкIуэкIэ из хъуарэ мыхъуарэ къызэрыпщIэн дамыгъэ теттэкъым. Куэдрэ къэхъурт фэндырэм из хъууэ, къыщыщиудыжи. А «хупцIынэ» IэубыдыпIэншэр напIэзыпIэм цехым щIэз хъурти, зы махуэ лэжьэгъуэ ихьырт ар гъэкъэбзэжыным. Хьэсэн еувалIэри а фэндыритI зэтетым я кум абджыпс бжьамий дигъэуващ, и лъабжьэм щIэтым из зэрыхъуар къилъагъун папщIэ. ЗэхэщIар а абджым къэсмэ, нэрылъагъут зэхэзыщIэр къэгъэувыIэн зэрыхуейр. Хьэсэн и фIыгъэкIэ, кIэ игъуэтауэ щытащ пщIэншэу махуэ псо зытрагъэкIуадэ Iуэхуми. Мис апхуэдэ хэкIыпIэфIхэр зэриIэужьым къыпэкIуэу, Куэцэм а комбинатым къыщилэжьащ СССР къэралышхуэм и орденитI - «Орден славы» жыхуаIэм и етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр.

ФIыщIэ, щытхъу тхылъу абы иIэхэм я бжыгъэм и гугъу тщIынкъым.

Шэч хэлътэкъым, авиацэм хыхьамэ, кхъухьлъатэзехуэу еджамэ, абыи а щIалэм ехъулIэныгъэ нэхъ иныжхэр щигъэлъэгъуэфыну зэрыщытам. Апхуэдэ цIыхущ Хьэсэн, IэхъуэгъуэтегъэкIыу зыри имылэжьу. Ипщэ къыдэхуэ къалэнхэр жэуаплыныгъэ пылъу игъэзащIэ мыхъумэ, фэрыщIагъ зыщIыпIи хилъхьэркъым.

И зэфIэкIхэм къыпэкIуэрт ахъшэ хъарзыни, уеблэмэ абы нэхъыбэ къэзыхь дэттэкъым комбинатым. Комбинатым и унафэщIым и мазэ улахуэр хуэдэ зытIукIэ щынэхъмащIэ къэхъурт. Инженер-технологхэм къахьыр нэхъ мащIэжт. Апхуэдэхэм деж фыгъуэижэ зыхэлъхэм ар къатохьэлъэ, лъакъуэпэщIэдз щащIи щыIэщ. Хьэсэни апхуэдэхэр игъэунэхуащ. Комбинатым щигъэлъагъуэ зэфIэкIым язынык ъуэ технологхэм я пщIэр ириудыхыу къащыхъури, тхьэусыхафэ ятхауэ щытащ, ауэ Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ зызыщIа технолог нэхъыщхьэм а тхьэусыхахэр зэрымызахуэр къигъэлъагъуэри, Куэцэм и лъэныкъуэу уват. А тхьэусыхахэм я Iуэхур ныджэм телът, сыту жыпIэмэ щIалэм къыщIигъэкI фэм дерт имыIэу хъурт, а тхьэусыхахэм я нэIэ щIэту лажьэ станочникхэм я IэдакъэщIэкIым ныкъусаныгъэр щынэхъыбэт. Хьэсэн лэжьыгъэм Iэрыхуэ хуэхъуати, язынык ъуэ технологхэм я чэнджэщым емылIэлIащэу езым тэмэмыр ищIэу лажьэрти, игъэхьэзырым дерт зиIэ къыхэкIыртэкъым. Аращ технолог нэхъыщхьэм Iэмал щIигъуэтар щIалэм къыщхьэщыжыну. Абы иужь зи псэ мыкъабзэ инженер гуэрхэм я гужьгъэжьыр нэхъри къэбэтащ, и щIыбагъкIэ хьэгъэщагъэ зэрахьэ хъуащ. А псом гу лъызыта IуэхущIапIэ унафэщIхэм Хьэсэн и лъэкIыныгъэхэр яхъумэн папщIэ, абы республикэм и Къэрал саугъэтыр къратыну къагъэлъагъуэу тхылъ ятхащ.

АрщхьэкIэ ижэныр зи хьэлхэр зэрыубыдри тхьэусыхахэщ. Тхьэусыхафэм жэуап иIэн хуейти, щхьэусыгъуэ къалъыхъуащ икIи къагъуэтащ - «Ар коммунист партым хэткъым». Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIалэр саугъэтым пагъэкIыгъащ.

Зи IэнатIэ псэ хьэлэлкIэ бгъэдэтырщ зи лъэкIыныгъэхэр зыгъэбэгъуэфыр. Куэцэм и гъащIэ гъуэгум хабзэу щыпхышащ, хэт сыт хуэдэу зыкъыхуимыщIами, зэрыцIыху тэмэмуи къызэтенэн зэрыхуейр.

УсакIуэ Куэцэ Хьэсэн и къалэмыпэ къыщIэкIахэмкIэ бгъэзэжмэ, а цIыху гумызагъэм псэ къабзэ зэриIэри болъагъу. Къэтщтэнщ и «Къуаргъхэр» усэр. Зэ еплъыгъуэкIэ ар зытеусыхьыр къуаргъхэрщ, уегъэлъагъу къуаргъ гъащIэр: щIымахуи гъэмахуи емызэшу я шхын къызэралъыхъуэ зэпытыр. Уемыгупсысыпэмэ, къуаргъщи къуаргъщ, итха псори пэжщ. Ауэ... Иужь сатырхэм къыбжаIэр аркъудейкъым.

Хьэсэн етх мыпхуэдэу:

**...Нэпсейхэм фхьыми нэм къыфIэнэр,**
**Фшхы гъавэр цIыхухэм къыфхуагъэгъу.**
**Гупу зэхуэсхэр сыт фылъэщкIэ?**
**Зы уэрэд дахи фхуэмыгъэпс,**
**Дунейм фытеткIи илъэс щищкIэ,**
**Фи гъащIэм си гур щIэмыхъуэпс.**

Си гугъэщ усакIуэм жиIар гурыIуэгъэу: гу къабзэ зимыIэ мылъкуаблэм игъащIэкIэ псэун игугъэжу псори зырелъэфалIэ, зы дахагъи, узэхъуэпсэн гуэри имылэжьу. ЦIыхум и гуапэ зэрыпщIын улъыхъуэмэ нэхъыфIщ, къэпфыщI псом нэхърэ, жыхуиIэщ.

ИпэкIи зэрыжысIащи, сэ сыкритиккъым. ЛитературэмкIэ критикхэм мы усэ тхылъыр, дауи, гулъытэншэ ящIынкъым, ныкъусаныгъэ хэлъми ялъагъунщ. Ауэ сэ зыхэсщIар жысIэу аращи, усакIуэм хузэфIэкIауэ къысщохъу адрейхэм ямыщхьу и гупсысэр усэбзэм хуигъэкIуэну. Ар хэIэбэркъым махуэ къэс зызыхъуэж политикэми, зи хьэмтетыгъуэм зыдигъэшу иужьым хаутэжынкIэ хъунуми.

УсакIуэ гуэрым итхащ мыпхуэдэу: «Сэ цIыхум хузиIэ фIылъагъуныгъэр зыми сIэщIихыфынкъым». Хьэсэн апхуэдэу итхакъым, ауэ а итхахэр апхуэдэ защIэщ. Абы фIыуэ елъагъу цIыхур. Дэтхэнэми фIыкIэ щогугъ, фIыкIэ топсэлъыхь, фIыкIэ хуоусэ.

ЩыIэкъым анэм, нанэм нэхъ лъапIэ. Хьэсэн анэшхуэми и анэми хэхауэ зэкъым зэрахуэусар. Уи нэгу къыщIигъэувэу, гуапэу анэшхуэм хуетх гум еIэ усэ сатырхэр. НыбжьыщIэ куэд щыIэкъым анэм, анэшхуэм я фIылъагъуныгъэр и чэзум къагурыIуэу. КъафIэмыIуэхущэу, анэшхуэ лъагъуныгъэр зыхамыщIэу зыкъом щыIэщ. Ар зэман дэкIмэщ нэхъыбэм къащыгурыIуэжыр. Хьэсэн «КIасэ си нэпсхэр» жыхуиIэ усэм ар дахэу къыщиIуэтащ. Анэшхуэр къуэрылъху, пхъурылъху сабийм зэрыхуэгумащIэр къиIуатэкIэрэ иужь сатырхэм щетх:

**Улъыхъуэу си лъэмб къэгувахэм,**
**Бэлыхь птеслъхьар пшахъуэвэм хэзщ.**
**Нанэ, сехуз къэбгузэвахэм,**
**КIасэ си нэпсхэр си нэм щIэзщ.**

А нанэ дыдэрщ зытеухуар «Гъэмахуэ шылэм» усэри. КъыпхуэгумащIэ цIыхум пхуилэжьыр къыбгурыIуэн зэрыхуейр хьэкъ пщещI мы усэм икIи и чэзум цIыхур плъытэныр зэрынэхъапэр, зэрынасыпыр, а насыпым ухущIэкъун зэрыхуейм укъыхуреджэ усакIуэм.

«Балъкъ Iуфэ ныджэ» тхылъым гум еIэ усэ щыкуэдщ, дэтхэнэми гупсысэ дахэ щIэлъщ, зыхуэгъэпсари цIыхурщ, абыхэм яку дэлъын хуей фIылъагъуныгъэрщ.

**ХЬЭМТУ Къадир**.

# Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 9**, *щэбэт*

♦**Фашизмэм, расизмэм, лъэпкъ зэхэгъэж щIыным япэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1941 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Красноярск дэт художественнэ институтым и профессор, РАХ-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Пащты Герман**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 10**, *тхьэмахуэ*

♦**ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**1926 гъэм** къалъхуащ шыхъуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ журналист, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта **Шыбзыхъуэ Мухьэдин**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и ректору щыта, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къарэмырзэ Барэсбий**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шал Тимур**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 11**, *блыщхьэ*

♦**Урысейм щагъэлъапIэ Экономистым и махуэр**

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь, генерал-майор **Къардэн Къубатий**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Жанджэрий Юрэ**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ Iэдэм**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Псым хэлъ пхъэр мэфри, фэм дэлъ гур мэбампIэ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 11

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №10. МЕТРОНОМ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** Д/с «БРИКС. Горизонты будущего. Эфиопия» (12+)
**01.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОВЧАРКА» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «КОМИТЕТ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**01.55** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Т/с «СМЕРШ. ЛЕГЕНДА ДЛЯ ПРЕДАТЕЛЯ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Т/с «РОССИЯ МОЛОДАЯ» (16+)
**12.35** «Специальный репортаж» (16+)
- Зи адэр пасэу зыфIэкIуэда зэкъуэшищым гъащIэм гугъуехь куэд щалъэгъуащ. Нурий къехьэлъэкIащ япэщIыкIэ и адэр, иужькIэ и къуэш нэхъыщIитIыр зэрыфIэкIуэдар. Езым къуэрылъху, пхъурылъху зэримыIэрагъэнт: сабийхэм гуапэу яхущытт, си къуэ цIыкIур егъэлеяуэ фIыуэ къилъагъурт, шыпсэ, хъыбарыжь куэдым щIигъэдэIурт, - жеIэ Нурий и къуэшым ипхъу ЩоджэнцIыкIу Лусэ. - КъыжьыIапхъэщ, Нурий тхылъ куэд еджауэ, щIэныгъэфI бгъэдэлъу, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым хищIыкIыу зэрыщытар. Ар адэкъуэш гумащIэу, цIыху гуапэу сигу къинэжащ.

- Си адэр цIыху зэпIэзэрытт, Iэдэбт, сыт щыгъуи унагъуэр япэ иригъэщт, - жеIэ и къуэ Вячеслав. - Оксанэрэ сэрэ дызыхуей дыхуигъэныкъуакъым, адыгэ хабзэм дыщIипIыкIащ.



ТхакIуэр и Iыхьлыхэм, и благъэхэм, ар къэзыцIыхуу щыта псоми ягу илъщ. Нурий и тхыгъэхэм цIыхухэр еджэху, и уэрэдхэр жаIэху ящыгъупщэнукъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

# ЩоджэнцIыкIу Нурий и усыгъэхэр

### СызытекIуадэр ули лъагъуныгъэрщ

Данэ бэлътокур
Iэгум йокIуадэ,
Сэ сызытекIуадэр
Уи лъагъуныгъэрщ,
Гуащэгъагъ дахэ!

Гуащэгъагъ дахэр
Щауэ хэгъадэщ,
Сэ сызыхэдахэм
Уэрщ къахэсхари,
Гуащэгъагъ дахэ!

Ди шыгъуэгу хадэм
Кхъужьхэр щогъагъэ,
Си лъагъуныгъэр
Къыбдэгъэгъати,
Гуащэгъагъ дахэ!

Сызытет бжьэпэр
ЩыхупIэ задэщ,
Къуэм сыдэкIуадэм,
Уэращ зи ягъэр,
Гуащэгъагъ дахэ!

Данэ бэлътокур
Iэгум йокIуадэ,
Сэ сызытекIуадэр
Уи лъагъуныгъэрщ,
Гуащэгъагъ дахэ!

### ПхузощI фIыщIэ

Сыхэбнакъым лъагъуныгъэм,
ГъащIэ.
КъэзбгъэщIащ и IэфIыр гугъэм,
ГъащIэ.

Сыхэбнакъым насыпышхуэм,
ГъащIэ.
Къызэптащ къару тегушхуэ,
ГъащIэ.

Сыхэбнакъым уи гущIэгъум,
ГъащIэ.
СебгъэщIакъым егъу жагъуэгъум,
ГъащIэ.

Сыхэпхащ узыншэу зауэм,
ГъащIэ.
Сщхьэщытащ уи ныбжьыр жьауэу,
ГъащIэ.

Сыхэбнакъым Iейми фIыми,
ГъащIэ.
ФIыр нэхъыбэу схьащ си гъащIэр,
ГъащIэ.

ПхузощI фIыщIэ абы папщIэ,
ГъащIэ.

### Жьым фымыщI и жагъуэ

Жьы хъуа цIыхур тэмакъкIэщIщ,
Нэхъ кIэщIыжуи къегъэззэж.
МащIэ тIэкIуми игу хегъэщI -
ФIегъэкIуэдыр гукъыдэж.
КхъыIэ, жьым фымыщI и жагъуэ!

Жьы хъуа цIыхур сабий инщ,
Хьэлу епткIэ, пхуэмыундэIу,
Мэхъу кIуэтэхукIэ нэхъ къиин,
ЩIыхухэ, хуабжьу сыволъэIу,
КхъыIэ, жьым фымыщI и жагъуэ!

Жьы хъуа цIыхур гупсысэхщ,
ЗэринэкIыр фIэкIуэдащ.
Псалъэ дахэр бампIэдэхщ,
Жьыр гуфIэным хуейкъым куэд,
КхъыIэ, жьым фымыщI и жагъуэ!

Жьыгъэр хэти къыпэщылъщ,
Ар нэфI-нейкIэ ямыгуэш,
Дыхуэмейуэ ди щIыб дэлъщ,
Къытхигъэхьэу куэдрэ хуэш…
КхъыIэ, жьым фымыщI
и жагъуэ!

### Аращ адыгэр

Сытми ар адыгэ?
И бзэр имыщIэжым.
МащIэу зигъэпагэу,
Шыбгым имысыжым!

Сытми ар адыгэ?
Уджым хэмыхьэжым.
Бухъар пыIэр лъагэу
НатIэм темысыжым!

Сытми ар адыгэ?
Хабзэр иубыжым,
ПэкIэ къращэкIыу
Хэти и Iэдыжым!

Сытми ар адыгэ?
Жьым нэмыс хуимыщIым,
Iэнэм ягъэтIысым -
Къэтэджыж имыщIэм!

Гупым яхыхьамэ,
И пщIэр фIэмыкIуэдым,
IуэхукIэ щытхъу къихьамэ,
Мис аращ адыгэр.

И фIыщIагъэр щIэблэм
Щапхъэ яхуэхъуамэ,
ИгъэIэсэм щыблэр -
Мис аращ адыгэр.

Лъэпкъыр иузэщIу
ГъащIэр игъэдахэм,
И гур ныбжьэгъу куэщIым -
Мис аращ адыгэр!

### Сабиигъуэ

*Уэ пщIэрэ уи щIалэ цIыкIур*
*Хы Iуфэм щепэзэзэхыу?*
*ЩIыпIэ хамэм адэ-анэншэу*
*Къуршыжьхэм ар къыхуэбанэу?*
ЩоджэнцIыкIу Алий.

Сэ куэд щIауэ услъэгъуакъым,
Си Хэку дыщэ, сыпщIобэг.
Зы дакъикъи сигу уихуакъым -
Си нэпIащхьэр, пщIэм, мэбэг.

КъокIыж куэдрэ си гум IэфIу
Уэ фIыщIагъэу къысхуэпщIар,
Нобэ хуэдэщ зыпхуэзгъафIэу
Уи IэфI псори къыщысщIар.

Абы лъандэрэ кIуащ илъэсхэр,
ЗэпIэщIэ дищIау зауэм.
ЩIызогъэжыр щэхуу нэпсхэр,
Схуэмыхьыжу бэлыхь гуауэр.

Хэкужь куэдыр зэхэскIухьу,
Къызолъыхъуэр щIакхъуэ Iыхьэ.
Си насыпым пшэр икIухьу
СIэщIэкIауэ нысфIыкъуохьэ.

Си хэку дахэм хуэзус гъыбзэм
КъыщIэдэIур зырызыххэщ.
СыщIобгыр адыгэбзэм -
Сэ куэд щIауэ зэхэзмыхым.

Губгъуэм силъу, мазэм сеплъу,
КъокIыж щхъуантIэ
ди пщIантIэшхуэр,
Си щхьэм щабэу Iэ къыдилъэу
Къысщхьэщысу си анэшхуэр.

Абы щыгъуэ сигу екъузри
Сыкъохъу зэуэ бауэкIэщI,
Хэку спэIэщIэр схуэхъуащ узи
СщIэуэ ещIыр гъащIэр кIэщI.

СыпIумыплъэу сылIэу щытым,
СытIэулIэщ, Къэбэрдей,
Бахъсэн Iуфэ сыIумытым,
Сэ къыстети щIы хъурейр.

Зауэ бзаджэм си насыпыр
СIэщIиудри хъуащ спэIэщIэ,
Пщэдджыжь къэскIэ
бжьыхьэ жэпыр
ЛъапцIэрыщэу тызолъащIэ.

ЛъапцIэрыщэу тызолъащIэ,
Ди жьэгу пащхьэм сыхуэпIащIэу.
Хамэ щIыгум сэ щызгъащIэр -
ГъащIэм щыщкъым, согумащIэ…

Сэ куэд щIауэ услъэгъуакъым,
Си Хэку дыщэ, къысхуэгъэгъу.
Насыпыншэр ихуащ щIыкъуэ,
СынолъэIу: къысхуэщI гущIэгъу…

* * *

Адыгэ хабзэр дзапэ уэрэдкъым,
И лъабжьэщ ар адыгэ гъащIэм.
Адыгэ хабзэр Iуэху
зэрыджэгукъым -
Адыгэм ар егъэзащIэ!

* * *

Нэхъыжьыр щыту нэхъыщIэ
тIыскъым,
Гуащэ унафэр нысэм
къылъыскъым.

* * *

ЩIыкIейуэ умыдыхьэшх,
ПхуэмыгъэткIуни умышх.

* * *

ТхъэмыщкIэм ущIэмынакIэ,
УхъункIэ хъунущ езыр уэ щIакIэ.

* * *

ФIыщIагъэр щIыгум
щыкIуэдкъым,
Нэмысым цIыху игъэкIуэдкъым.

* * *

Унафэ пщIыну бэм ухихамэ -
Бэм и сэбэпыр хъумэф.
Зыхуеймэ фIэкIаи зэхэзымыхым -
КъыфIощI цIыхубэр къаплъэнэф.

* * *

ПцIыр сытым дежи тетхэм
я Iэщэщ -
Къеззгъыу бупсым улIыфIщ.
Пэжыгъэр щIыгум щогъуащэ,
Упэжым бгъуэткъым гъуэгуфI.

# Дамэ зытетыр мэлъатэ

**Фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр жанркIэ зыхуэдэр жыIэгъуейщ. Абы хыболъагъуэ Iуэтэжым и къэIуэтэкIэ нэщэнэхэри, къыхыболъагъукI хьэщIэщ уэршэрыкIэм и щIыкIэхэри, зыхыбощIэ журналист къэхутэныгъэм и хуэмэбжьымэ зэрытрихьари. Ауэ узыIэпешэ, уегъэгупсысэ, уегъэлъыхъуэ. Тхыгъэр зи къалэмыпэ къыщIэкIа МэшхуэфI Нэждэт и гъащIэр зэрыщыту лъэпкъым щхьэузыхь хуищIащ. Фи пащхьэ итлъхьэ лэжьыгъэри абы иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэшхуэм щыщ зы Iыхьэщ - ар зытриухуа адыгэ бзылъхугъэ цIыкIур щIыпIэ куэдым къыщацIыху, ауэ къызыхэкIа лъэпкъым абы теухуауэ ищIэр мащIэ дыдэщ. А щыщIэныгъэр нэхъыжьыфIым зэригъэзэкIуэж тхыгъэщ.**



МЭШХУЭФI Гунэху гимназием щоджэ. Етхуанэ классым щIэсщ. Нобэ тхьэмахуэ махуэщ. Гунэху и гуфIэгъуэ махуэщ. Къыдеджэ цIыкIухэр къыхуэкIуауэ зэхэсщ, зэрызохьэ, дунейм зытемыпсэлъыхьрэ зи гугъу ямыщIрэ щыIэжкъым. Куэд дэмыкIыу дади къахыхьэнущ. Дадэ къащыхыхьэкIэ, къажриIэнур зыхуэдэм йогупсыс хъыджэбз цIыкIур. Аракъэ-тIэ, дадэ и хабзэр. ЦIыкIухэр мыпхуэдэу зэхэсу щилъагъум деж, къахэмыхьэн лъэкIыркъым. КъащыхыхьэкIи, гъэсэпэтхыдэ гуэр къахуеIуатэ, гукъэкIыж гуэрхэм щIегъэдэIу. Гунэху и хьэщIэхэри щыгъуазэщ дадэ и щэнхэм. Дадэ цIыкIухэм балигъым зэрепсалъэм хуэдэущ къазэрепсалъэр. Ар Гунэху и ныбжьэгъу цIыкIухэм хуабжьу гуапэ ящохъу.

Дадэ абыхэм къажриIэм и нэхъыбэр зэи зэхахакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, зэгуэр зэхахари нэхъ кууууэ къагурыIуэ мэхъу. Ари ныбжьыщIэхэм ямыгъэщIэгъуэн ялъэкIыркъым. Дадэ къыщыкIуэкIэ, «сыкъокIуэ» къригъэкIыу мащIэу хопсчэуIукI. Асыхьэтым цIыкIухэр зэплъыжу щIадзэ, зызэрагъэзэхуэж, я щхьэцхэм телъэщIыхьу хуожьэ. Дади къызыщIэтэджа гупым фIэхъус гуапэ ярехри къахохьэ. МыпIащIэ-мытхъытхъыу и тIысыпIэм кIуэ дадэми цIыкIухэр зырызыххэу зэпеплъыхь, я нэгум щIоплъэ, я щхьэфэм Iэ дилъэ нэхъей, псоми ящогуфIыкI.

НыбжьыщIэхэм я зэхэсыкIэр зэригуапэр къапщIэу, дадэ и нэгур зэлъыIуех. МакIуэри, ар унэм щыщIэмысым деж зыри зэрымытIысхьэ и шэнтиуэм йотIысхьэ. НыбжьыщIэхэр егъэтIысыжри, кърегъажьэ:

- Си ныбжьэгъу цIыкIухэ, нобэ зы тхакIуэ ныбжьыщIэ и гугъу фхуэсщIынут, абы и цIэр зэхэвмыхагъэнкIи хъунущ. Сыт жыфIэн?

ЦIыкIухэм жаIэнуми пэмыплъэу, я гуапэ зэрыхъунум шэч къытримыхьэу, дадэ и псалъэм къыпещэ:

- Зи гугъу сщIынур щIалэ дыдэми, куэд хузэфIэкIащ. Си щхьэкIэ си фIэщ мэхъу абы нэхъыбэ зэрыхузэфIэкIынури. Ар Джэтауэхэ ящыщщ, и цIэр Гунайщ. Тыркум 1981 гъэм къыщалъхуащ, и адэ-анэм я гъусэу 1994 гъэм Хэкум къэкIуэжащ. Мейкъуапэ щыпсэуащ. Фэ иджыпсту фыщеджэ еджапIэр къиухащ, адыгэбзэми щыгъуазэщ, урысыбзэми хъарзынэу иропсалъэ. Адыгэ къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэр 2004 гъэм фIы дыдэу къиухащ. Лэжьыгъэ IуэхукIэ Тыркум щыкIуэм, абы щыщ адыгэ щIалэ нэIуасэ къыхуэхъуащ, унагъуи зэдащIри, Налмэс зыфIаща хъыджэбз цIыкIур зэдагъуэтауэ хъарзынэу мэпсэу. Мы далэм Тыркум радио икIи телевиденэ нэтынхэр щагъэхьэзыр къэрал IуэхущIапIэм урысыбзэмкIэ зэдзэкIакIуэу щолажьэ.

Дадэ гу лъитащ хьэщIэхэм ящыщ зым зыгуэр жиIэну зэрыхуейр.

- ЖыIэт, си хъыджэбз цIыкIу.

- Сэ Гунай и цIэр зэхэсхащ. Ар си ныбжьэгъу Гупсэ и анэ шыпхъущ. Гупсэ и адэ-анэхэри Тыркум къикIыжащ. Ди гъунэгъуу мэпсэу. УнагъуэкIэ дызэкIэлъокIуэ.

- Сыту гуапэ сщыхъуа, си хъыджэбз цIыкIу, а жыпIар. Хэт иджыри хамэщI къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм якIэлъыкIуэр?

Иджыри цIыхуищым я Iэр къаIэтащ.

Асыхьэтым дадэр нэку-нэпс къэхъуащ, зэрыгъэпсалъэу хуежьа цIыкIухэм жаIэри зэхимыхыж хъуащ. IэпкълъэпкъкIэ ныбжьыщIэхэм яхэсми, и гум зытIэкIурэ зэрыдунейуэ къижыхьащ. ИтIанэ зыкъищIэжри, кууэ хэщэтыкIщ, и нэгур зэлъыIуихыжри, гуапагъэр зыщIэз псалъэхэри къыпищащ:

- ФызэрынасыпыфIэр фщIакIэщэрэт фэ. Фи нэхъыжьхэми хамэщIыр псэупIэ зыхуэхъуахэми апхуэдэ гухэхъуэр зищIысыр ящIакъым. Зыгуэр зыщIэхэр тепсэлъыхьыну хуитакъым. Иджы хэхэс гъащIэр зыгъэнызщкIуахэр къэкIуэжыну хуит хъуащ. Дэри къэтшэжынуми дыхуитщ. Хэкум къихьэжахэмрэ абы къыщыхъуахэмрэ фызэгъунэгъущ, фызэроцIыху, фызэрогъэныбжьэгъу, ар къэгъэнауэ Iыхьлыгъэкlэ зэгуэувэжахэри къыфхэтщ. Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэр зэгъусэу зэдывогъэлъапIэ, махуэщIхэм деж фызохъуэхъу, фызэдогуфIэ. Ар зимыуасэ фIыгъуэ щыIэкъым.

Дадэ и псалъэм къыпищэн къудейуэ, зы щIалэ цIыкIу гуэрым и Iэр къызэриIэтам къилъэгъуащ:

- Сыт, тIыхъужь, зыгуэр жыпIэну ухуейуэ ара?

ЩIалэм и къэтэджи и къэпсалъи зы хъуащ:

- Адыгэбзэ зымыщIэхэр адыгэ тхакIуэу къэлъытэн хуей?

- УпщIэ хъарзынэщ, тIыхъужь, къыхэплъхьар. Абы еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр иIэщ. «АдыгэбзэкIэ мытхэр адыгэ тхакIуэкъым», жызыIэхэр щыIэщ, ауэ «АдыгэбзэкIэ мытхэми, лъэпкъ гъащIэм тетхыхьмэ, адыгэ тхакIуэщ», жызыIэхэри мащIэкъым. Сэ абыхэм ещанэ еплъыкIэр къахэслъхьэнт. ЩыIэщ адыгэбзэм фIы дыдэу иримыпсалъэ, адыгэхэми яхуэмытха адыгэ тхакIуэхэр. Абыхэм ящыщщ Джэтауэхэ япхъу, МэшхуэфIхэ я нысэ Гунай.

Зы цIыхум унагъуэцIитI епхауэ дадэм щыжиIэм, цIыкIухэр зэплъыжащ. Нэхъыжьми, абы гу лъимыта нэхъей, къыпищащ:

- Адыгэ унагъуэцIитIыр зэкIэлъхьэужьу зэрыжысIар фымыгъэщIагъуэ. Ар адыгэ хабзэм щыщ Iуэхугъуэщ. Дэ дыщыпсэу щIыналъэхэм цIыхубзыр зыдэкIуа и щхьэгъусэм и унагъуэцIэмкIэ щатх. Ауэ, ипэжыпIэкIэ, цIыхубзыр дунейм тетыху и унагъуэцIэр зэрихъуэкIыркъым. КъыщеупщIкIи, зипхъури зи нысэри зэкIэлъыкIуэу жиIэн хуейщ. Аракъэ-тIэ захуэр?! Унагъуэ зэрихьам щхьэкIэ, къэзылъхуахэр ихъуэжрэ? ИтIанэ мы зи гугъу сщIам и мызакъуэу, нэхъ жыжьи макIуэ цIыхубзым и унагъуэцIэр зэрызэблимыхъур. А щытыкIэм и хуэмэбжьымэ къилъхуахэм ятрехьэ. Гунай ипхъу цIыкIум, Налмэс, псалъэм папщIэ, пщэдей зыщыщ лъэпкъым къыщIэупщIэмэ, МэшхуэфIхэ зэрапхъур жиIэнущ, ауэ абы Джэтауэхэ зэрапхъурылъхури къыщIимыгъужу хъунукъым. Ар зыщывмыгъэгъупщэ, Iэмал иIэмэ, щэну зыхэфлъхьэ.

Дадэ къипсэлъахэр цIыкIухэм яфIэгъэщIэгъуэнми, и пащхьэ кърагъэува упщIэм хуигъэзэжащ.

– Джэтауэ Гунай адыгэ тхакIуэу щIэтлъытэн хуейр иджы жысIэнщ. Япэрауэ, Гунай зэрыадыгэр ибзыщIыркъым, зыдещIэж, и IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ хуэхъу дэтхэнэми ар зэрыадыгэр ящIэ. Хэт къемыпсэлъылIэми, и лъапсэр Адыгэ Хэкум зэрыщыIэр, Мейкъуапэ къызэрыщыхъуар яжреIэ, ар сыт щыгъуи и псалъэ къыхохуэ. Лэжьыгъэ дахэ пэрытщи, къызыхэкIа лъэпкъым щытхъу къыхуехь.

УпщIэр къезыта щIалэ цIыкIум и плъэкIэр нэгъуэщI мэхъу. Абы гу лъызыта дадэми адэкIэ къыщIегъу:

- Гунай сэ зыхуэзгъадэр дуней псом къыщацIыху дирижерхэращ. Ар ещхьщ уэрэдусхэм, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм. Дунейпсо зэхьэзэхуэхэм деж лъэпкъ ныпыр лъагэу зыIэт адыгэ спортсменхэм. Физикэм, химием, есэпым епха щIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщI щIэныгъэлIхэм изолъыт ар. Мыбыхэм я ехъулIэныгъэхэр лъэпкъ Iуэхум емыпха хуэдэу къыпщыхъунущ. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ сыт щыгъуи ди гуапэ хъуркъэ апхуэдэ цIыху цIэрыIуэхэр ди лъэпкъэгъуу щызэхэтхым, зэрыадыгэхэр къыщыхагъэщым деж?

А еплъыкIэ-бгъэдыхьэкIэр яфIэзахуэу цIыкIухэм я щхьэр щащIкIэ, дадэ адэкIэ жеIэ:

- Джэтауэ Гунай илъэс 12 къудейщ и адэжьхэм я лъахэм зэрыщыпсэуар. Ар куэд дыдэ хъуркъым. Ауэ, зэрыжысIащи, урысыбзэр фIы дыдэу зэригъэщIащ, зэдзэкIакIуэ лъэщ хъуащ. ТыркубзэкIэ япэ дыдэу зэридзэкIа тхыгъэр, Пушкин Александр «Капитаным ипхъу» зыфIищар, 2007 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ тхылъ тIощIым щIигъу, зэридзэкIхэр зым нэхърэ зыр нэхъ цIэрыIуэу. Псори къезбжэкIынщ, жысIэмэ, схуэмыгъэкъаруункIи хъунщ, ауэ зыгуэр тIэкIухэр къыхэстхыкIащи, сыкъыфхуеджэнщ. ТIэкIу фыкъыдэкIуэтеймэ, а тхыгъэхэм фэри езыхэр феджэнущ. Мис Гунай зэридзэкIахэр: Гоголь Николай и «ЩымыIэжхэм я псэхэр», Тургенев Иван и «Адэхэмрэ къуэхэмрэ», Толстой Лев и «Хьэжмуратыр», Чехов Антон и Iуэтэж зэужьыр, Платонов Андрей и «Жаныр», Алексиевич Светланэ «Зауэр цIыхубз нэгукъым», нэгъуэщI куэди.

Дадэ къипсэлъ псори цIыкIухэм зэрафIэгъэщIэгъуэныр зыхещIэ, гъуджэм иплъэ хуэдэ, я нэгум къызэрищри елъагъу. И гуапэ дыдэуи погуфIыкI.

- Зы цIыхум хузэфIэкIынум и щапхъэщ Гунай и гуащIэдэкIыр, - жеIэри тхылъымпIэ кIапэр къыбгъурыс щIалэ цIыкIум ирет. - Гунай и иужьрей зэдзэкIыгъэр 2020 гъэм дунейм къытехьащ. Толстой Лев и тхылъымрэ дин лэжьакIуэ Сергий и «ШейтIан» романымрэ. Иджы девгъэгупсысыт. Гунай илъэс 12 къудейщ Мейкъуапэ зэрыдэсар. А илъэс бжыгъэм къриубыдэу зэи зэхимыха бзэр зригъэщIащ, хуеджащ. Абы къыкIэлъыкIуа илъэс 13-м кърибыдэу Гунай тхылъ 20 зэридзэкIын лъэкIащ. Дуней псом къыщацIыху урыс тхакIуэшхуэм, зи бзэрэ зи гупсысэкIэ лъэрызехьэу къалъытэхэм я тхылъ 20 тыркубзэм ирилъхьащ. Апхуэдизу псынщIэу зэридзэкI тхылъхэм я бзэр сыт хуэдэу пIэрэ, жригъэIэу гурыщхъуэ зыщIыни къыхэкIынщ. Абы и жэуапщ Джэтауэм и зэдзэкIыгъэхэм щыгъуазэ захуэзыщI, тыркубзэмкIэ IэщIагъэлI ехьэжьахэм къыхуащI пщIэмрэ Iулыджымрэ. Егъэлеяуэ лъагэу яIэт, уасэшхуэ къыхуащI. Ар плъэгъуа нэужь, гурыщхъуэ зэрыпщIам утемыукIытыхьыжынкIэ Iэмал имыIэу щытыкIэ уоувэ.

НыбжьыщIэхэр къызэредаIуэр дадэ и гуапэщи, адэкIэ къыпещэ:

- Платонов Андрей и тхылъитху зэридзэкIащ Гунай. Ахэр къыщыдэкIащ «Тхылъ дуней» жаIэу Тыркум ит тхылъ тедзапIэ нэхъ ин дыдэм. А IуэхущIапIэм Гунай и зэдзэкIыгъэхэм япэ увыпIэр къахуегъэфащэ, фIагъкIи къакIэлъыщIыхьэ куэд зэрыщымыIэри къыхегъэщ. Иджы Платоновым и цIэр къыщраIуэкIэ, Джэтауэр япэу ягу къокI, зэзыдзэкIар адыгэ бзылъхугъэрамэ, уеджэ хъунущ, жаIэу. 2020 гъэм Тыркум и зэдзэкIакIуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Халман Талат Саит и цIэкIэ зэхаша зэхьэзэхуэми Гунай и цIэр къыщраIуащ. Сергий и «ШейтIан» романыр бжьыгъуэ зэфIэхьым нэса тхылъиплIым ящыщщ.

Дадэ, нысащIэр бжэ къуагъым къызэрыкъуэплъым гу лъетэри, жеIэ:

- НыбжьыщIэхэм фи хьэлывэ Iэнэр хьэзыр хъуауэ къыщIэкIынщ, феблагъэ! ТIэкIу федзакъэ, зывгъэпсэху. ИтIанэ Джэтауэхэ япхъум и хъыбарым къыпысщэнщ.

Сабийхэр хьэщIэщым зэрыщIохри, шхапIэмкIэ макIуэ. Езы дади Гунэф хузэхищIа къэхьэуэбжьэр къещтэ, фIэемыкIуми, «макъ дахэ» пигъэIукIыурэ къэхьэуэм зэ хохъумпIэ, хьэлывэри дегъакIуэ. Тэлай дэкIауэ, цIыкIухэр хьэщIэщым къокIуэж, зэрышхари зэрытеуари я нэгу къищу. Щхьэж и тIысыпIэ мэтIысыжри, дадэ жиIэнум пэплъэу зыщагъэзэгъэж. Дади ахэр зэпигъаплъэркъым:

- Куэдрэ пщIэм уриIэзэщ, жаIэ адыгэхэм. Гунай зэдзэкIакIуэ Iэзэ дыдэ хъуащ. Абы шэч хэлъкъым. Ауэ зыгуэрым куэдрэ уелIалIэмэ, ущезэш къэхъуркъэ?! Гунай апхуэдэ зэшыгъуэ щихуэкIэ, Iуэтэжхэр етх. Апхуэдэ тхыгъипщI зэрыт тхылъ 2022 гъэм «Метис» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.

Абдежым «ЩIыIубнэфым и гъуэгухэр» зыфIища тхылъыр дадэм къещтэри, цIыкIухэм ярет. Абыхэм тхылъыр зэпаплъыхьыху, дадэ кърigъэжьа гупсысэр негъэс:

- Гунай тхылъым хуищIа фIэщыгъэр еджэхэми, литературэхутэхэми, критикхэми яфIэгъэщIэгъуэнщ. КъиIэта Iуэхугъуэхэр къизэриIуатэ щIыкIэр щIыIубнэфым ятIэр зэритхъум хуагъадэ. Тхылъым теухуауэ псэлъэгъу къыхуэхъухэми аращ къызэрырагъажьэр: щIыIубнэфым и гъуэгухэр... Хэт а псэущхьэ цIыкIур губгъуэм изылъэгъуар? Апхуэдэу жысIэ щхьэкIэ, дэнэ щыфлъагъун?! Сэ къуажэм сыкъыщыхъуа пэтрэ, зэи срихьэлIакъым. Жэр дыдэщ ар. Губгъуэм дыщихьэкIэ, щIыIубнэф гъуэмбхэм куэдыкIейуэ дарихьэлIэрт... Джэтауэм и лэжьэкIэр щIыIубнэфым ятIэр зэритхъум иригъэпщауэ аращ - къыхих псалъэр къиIуатэ гупсысэм зэрыдекIуным хущIэкъуу апхуэдэщ. Зи гугъу сщIы тхылъыр Анталие къалэм щекIуэкIа литературэ зэхьэзэхуэм хэтащ, япэ увыпIэри къыщыхуагъэфэщащ. ЦIыху куэд къызэрыщIэупщIэм къыхэкIыу, макъ щIэту ар дыдэр 2024 гъэм иджыри зэ къыдэкIыжащ.

Гунай зэдзэкIын Iуэхухэм зэрыдихьэхам теухуауэ журналистхэм ящыщ зы къыщеупщIым мыращ жиIар: «ГъащIэм Iуэхугъуэ цIыкIухэмкIэ зэдзэкIакIуэ сызэрыхъуным сыхуигъэхьэзыращ. ХамэщI къикIыжа адыгэ куэд Мейкъуапэ щопсэу. Урысыбзэ зымыщIэ ди лъэпкъэгъухэм садэIэпыкъуну куэдрэ къысхуихуащ, зыхуэныкъуэ къэрал тхылъхэр зээдзэкIыу, лъэIу тхылъхэр яхуэзгъэхьэзыру. ЦIыхур къыщымыхъуа, зэи щымыпсэуа щIыпIэ къыщихутэм деж нэхъ хьэлъэ дыдэу къытегуплIэр зыщымыгъуазэ бзэращ. Бзэр зэбгъэщIэныр Iуащхьэшхуэр сапэкIэ зэхэбгъэщэщэным хуэдэщ. Бзэм и закъуэкъым, атIэ дуней тетыкIэри, Iуэху еплъыкIэхэри, гурыIуэкIэри абы къыдэкIуэу зэгъэщIэн хуей мэхъу. Ара си гугъэщ зэдзэкIыным гъунэгъуу сезышэлIари».

Гунайщ япэ дыдэу тыркубзэкIэ зэзыдзэкIар Толстой Лев и «Холстомер» тхыгъэри. Абы теухуауэ къыщагъэпсалъэм, мыращ жиIар: «Зыш и тхыдэщ «Холстомер» тхыгъэм къиIуатэр. ЗэдзэкIын и пэ къихуэу шыхэм ятеухуауэ щыIэ къэхутэныгъэ гуэрхэм седжащ, ахэр зэрагъэIэсэ щIыкIэм зыщызгъэгъуэзащ. СыкъызыхэкIа лъэпкъым и дунейми гуэх имыIэу епха зы къэгъэщIыгъэ дахэщ шыр, абыи зыхызигъэщIащ тхыгъэр. Ар си нэхъапэ зыми зэрызэримыдзэкIам срогушхуэ, шэч хэлъкъым».

Бзэхэм ятеухуауэ къыщеупщIым, Джэтауэм жиIар мыращ: «Уи бын закъуэр фIыуэ плъагъукIэ зэфIэкIыркъым. Хэт и быни фIыуэ плъагъун хуейщ. Си адэм и ныбжьэгъухэм я гугъу къэсщIыну сыхуейт. Тыркубзэ ямыщIэу еджапIэм кIуахэр яхэтащ абыхэм. АдыгэбзэкIэ щызэпсалъэкIэ, къащIэгубжьэрт. Апхуэдэхэр адэ-анэхэми къахэкIырт, уеблэмэ унэми быныр я анэдэлъхубзэкIэ щамыгъэпсэлъэныр къыхэзыххэри щыIэт. ЩIэныгъэ ягъуэтынымкIэ ар пэрыуэгъу хъуну къафIэщIырт. Абы къытхуихьащ ди лъэпкъым щыщ куэдым бзэр ямыщIэныр. А щытыкIэм си лъэпкъыр изыгъэувам и гухэлъхэр къехъулIами ярейщ... Ауэ бзэхэм, щэнхабзэхэм захъумэжыныр я щэнщ. ЗэрыщыIэнум, зэрыпсэунум хущIокъу... Бзэ зыбжанэ пщIэным мыхъун гуэри хэслъагъуэркъым. Куэдрэ жаIэ зы гупсысэм сэри къытезгъэзэжынщ: сыт хуэдэ бзэри хъугъуэфIыгъуэщ, дунейр гупсысэкIэр зыгъэлъэщ лъапIэныгъэщ. Си фIэщ мэхъу Тыркур абы щызекIуэ бзэхэр зыхъумэ хэгъэгу зэрыхъунур. Хъуни хуейщ».

КъызыхэкIа лъэпкъымрэ Хэкумрэ ятеухуауэ Гунай жеIэ: «Хэкум фIыуэ сымылъэгъуауэ зы IэпапIэ иIэкъым, си цIыхугъэр химыгъэхъуауэ зы цIыху искъым. Сэ сыадыгэмэ, Хэкум къыщепщэ жьыми, къыщешх уэшхми, пщыхьэщхьэ уэршэрхэми, си анэ и дзапэ уэрэдхэми, и пшынэ макъми я фIыгъэщ. Зэрысхъуэжын щыIэкъым. ЩIэныгъэ къызэзытахэм я гугъу сщIынут. Дезыгъэджахэм я зэхэщIыкIгупсысэкIэр хышхуэм хуэдэт, и лъащIэр умылъагъуу. Литературэр фIыуэ слъагъун щхьэкIэ куэд дыдэ къысхалъхьащ. Хуиту гупсысэ, нахуэу псалъэ цIыхухэм ящыщт. Нобэ зыхуэдэр сщIэркъым, ауэ ар дунейм щызекIуэу зы дуней щхьэхуэт...».

Мис апхуэдэщ Гунай. Дамэ зытетыр мэлъатэ. Ди лъэпкъыр щIы хъурейм тепхъа хъуащи, зэбгрыдзауэ мэпсэу. ДымыщIэу щыIэр зы Iуэхут, тщIэн зэрыхуейр пщэрылъ зыщыщIыжыныр аращ Iуэхушхуэр. ДиIэр тлъытэныр ди хьэкъщ. Апхуэдэщ Джэтауэ Гунаи. ДэнэкIи щыпсэу адыгэр фызэрыгъуэтыж. Зэрыгъуэтыжахэр фызэфIэмыкIуэдыж. Дызэрикъухьам и тхьэмыщкIагъэри лъэпкъым къаруу къэфщтэж.

Дадэ къэтэджыжащ. НыбжьыщIэхэри къызэщIэтэджащ. Псори щымщ. Зы къару гуэрым зэщIиубыдам ещхьщ. Дадэ фIэхъус ирихыжу и Iэ ижьыр къеIэтри, игу къызэрызэфIэзэрыхьар яримыгъэлъагъумэ нэхъ къиштэу, хуэмурэ хьэщIэщым щIокIыж.

*Къэбэрдей адыгэбзэм хуэзыгъэкIуар*
**ТАБЫЩ Муратщ**.




● Псэущхьэхэм я дуней

# Къурш бжэн

КЪУРШ бжэныр зэ зылъэгъуам абы и теплъэр щыгъупщэнукъым. Езыр инкъым, и лъагагъыр сантиметр 65 - 70, и кIыхьагъыр сантиметри 125 - 135-рэ, и хьэлъагъыр килограмм 32 - 36-м нос. И пкъым зыри лейуэ кIэрылъкъым, цIыхур дихьэхын, и дахагъыр иригъэгъэщIэгъуэн папщIэ къигъэщIа ухуэдэщ ар. Къурш бжэныр хуабжьу щтэIэщтаблэщ, цIыхуми нэгъуэщI псэущхьэхэми гъунэгъу захуищIыркъым. Ар къызыхэкIыр лъэкIыныгъэшхуэ зэрыбгъэдэмылъырщ, и бийхэм зэрыпэмыувыфырщ. Къуршхэм и гъащIэр нэхъ епхауэ щытщ, и фIалъэхэм я быдагъым Iэмали кърет мывалъэм хуиту къыщижыхьыну. ЩIымахуэм тафэм къох, гъэмахуэм и щхьэм докIуей. Ахэр гуп-гупурэ щIыпIэхэм хэгуэшауэ мэпсэу. Я шхыныгъуэхэр удзхэмрэ къуацэ-чыцэхэмрэщ.

Бжэнхэр илъэс 15 - 18-кIэ мэпсэу, цIыхухэм яIэщIэмыкIуадэмэ. Ди щIыпIэм къурш бжэнхэр щымащIэщ.



● Шхыныгъуэ

# ТебэкIэ гъэжьа мэлыл гъэгъуа



МЭЛЫЛ гъэгъуар г 50-60 хъу Iыхьэурэ зэпаупщI, къупщхьэ хэлъмэ, зэпауд, псы хуабэкIэ ятхьэщI, тебэм иралъхьэри щIигъанэу псы щIыIэ щIакIэ. Зэ къызэрытекъуалъэу, шыгъур щIихын щхьэкIэ, ар щIагъэж, псывэ щIакIэ, мафIэр цIыкIуу ешэхауэ, тебащхьэр тепIауэ дакъикъэ 40 - 45-кIэ трагъэт, псыр щIэвэщIэху. Псыр щIэвэщIа нэужь, дагъэр къыщIедзри, лыр тхъуэплъ хъуху дакъикъи 6-7-кIэ ягъажьэ, зэIащIэурэ. Абы иужькIэ бжьын упщIэта, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри, зэIащIэурэ дакъикъи 2 - 3-кIэ трагъэт, бжьыныр жьэху.

Лы жьам псы щIыIэ щIакIэри тебащхьэр трапIэж, мафIэр ину зы дакъикъэкIэ, иужькIэ цIыкIу ящIыжри, аргуэру зы дакъикъэкIэ трагъэт. Апхуэдэу пщIымэ, лым мэ дахэ къыхех, Iэфl, и фэр дахэ мэхъу.

Iэнэм щытрагъэувэкIэ тепщэчым иралъхьэ, бжьын гъэлыбжьари шыпс хуэдэу щIэтри тракIэж. ПIастэ хуабэ и гъусэу пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** лы гъэгъуауэ - г 400, псывэ етIуанэу щIакIэр - г 720-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, псы щIыIэу - г 100, шыбжий сыр хьэжауэ - гум пIэпихым хуэдиз.

● ЖыIэгъуэхэр

## Фыгъуэ щыкуэдым фIыгъуэ щокIуэд

**♦Узыуб уигъэтIысыркъым.**
**♦УкIытэр насыпым и шыпхъущ, нэмысым и къуэшщ.**
**♦УпщIэ щIэщхъуркъым, даIуэ гъуащэркъым.**
**♦Уи делагъэр къагурыIуэмэ, уделэну тыншщ.**
**♦Уи жьэ жиIэ унагъуэм къини, уи Iэ хуэщIэ гъунэгъум егъэлъагъу.**
**♦Уи лъэкI нэхърэ уи гугъэ нэхъыбэмэ, уи пщэгурыгъ зэриудынщ.**
**♦Уи щэху зыщIэ уегъэпщылI.**
**♦Фадэ зи нэрыгъ и жып гъуанэщ.**
**♦Фадафэ здашэ щIэупщIэркъым.**
**♦Фыгъуэ щыкуэдым фIыгъуэ щокIуэд.**
**♦Фыгъуэнэдрэ нэпсейрэ зэтIолъхуэныкъуэщ.**
**♦Фыз хуэмыху сэхуран Iункlынкlэ Iэзэщ.**
**♦Фызыр бзаджэмэ, лIыр хэхэсщ.**
**♦ФIимыгъэжар и хьэрэмми, ишхыр арат.**

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

## Дапщэ?

Дыгъужьыр жэщкIэ чэтым куэдрэ къытеуэрт, я нэхъыбэми, плъырхэри хьэхэри зэрыкIэрыщIам хуэдэу, мэл яфIихьырти кIуэжырт. Ауэ, зэрыжаIэщи, бгъэр куэдрэ уэмэ – и дамэр мэкъутэ. Ар дыдэр къыщыщIащ щхъуэжьми: мэлыхъуэхэм яубыдри пхъэ хъарым ирадзащ.

Игу тригъэзэгъэн мурад иIэу, Дыгъужьым зыгуэр бгъэдыхьауэ йоупщI: «И-и-и, джаурыжь, пшхын иджыри мэл?!» - «Дапщэ?» - жиIащ Дыгъужьым.

● Псалъэхэм я мыхьэнэр

## Лэгъунэ мылъку

ЯПЭМ щыгъуэ унагъуэм и мылъкур тIууэ ягуэшу щытащ: унагъуэ мылъкурэ лэгъунэ мылъкурэ. Лэгъунэ мылъкур зейр фызырт. Ар къыхэкIырт дыщырыкIыу кърата Iэщымрэ уасэ ныкъуэу лIым и унагъуэм кърванамрэ. А мылъкур хабзэмкIэ зейри абы унафэ хуэзыщIри фызырт. Абы лIым и Iуэху хэлътэкъым: зыгуэркIэ хуей хъумэ, фызым хуит къимыщIауэ ар къигъэсэбэпыну хуиттэкъым.

ДыщырыкIымрэ уасэ ныкъуэмрэ Iэщу щытмэ, ар багъуэурэ лIым и мылъкум (унагъуэ мылъкум) нэхърэ нэхъыбэ щыхъу щыIэт. Фызыр лIэмэ, мылъкур къызыхуэнэр бынырт, лIым зыри лъысыртэкъым. Ауэ зэщхьэгъусэхэм бын ямыIэмэ, лэгъунэ мылъкур лъысырт. Хабзэм идэрт фызым и мылъкур уэсяткIэ и Iыхьлыхэми къахуигъанэу.

## Лэгъунэ мафIэ

НЫСАЩIЭ къашам япэу пщэфIэн, Iуэху щIэн щыщIидзэм деж, лъэпкъым щыщ цIыхубз нэхъыжьым ар жьэгум ихъуреягъкIэ къришэкIырт, итIанэ мафIэ щIигъанэрти, тхьэ елъэIурт: «Ялыхь, мы жьэгум игъащIэкIэ мафIэ щумыгъэункIыфI, къэкIымрэ къалъхумрэ Тхьэм щимыгъащIэкIэ», - жиIэрти. Абы иужькIэ нысэр хуиту Iуэху щIэным бгъэдыхьэрт. Хабзэр ди зэманым щыIэжкъым.

● ГушыIэ

## КъыфIэдзэ си бзэгум

МАХУЭ гуэрым Хъуэжэ пщIантIэм дэту шу блэкIыу илъэгъуащ. Сэлам къыщрихым, мыдреЙми, хабзэм зригъэхьри, жиIащ:

- Еблагъэ, хьэщIэ, зодгъэгъэпсэхунщ!

Шур жыжьэ къикIырт, ешат, къуажэми хэгъэрей щиIэтэкъыми, «къеблагъэ» къыщыжраIэм, гуфIэри къыдыхьащ. ЗыкъригъэлъэтэхриI зиплъыхьа щхьэкIэ, пщIантIэм шы фIэдзапIэ щилъэгъуакъым.

- Мы шыр дэнэ фIэздзэн? - жиIэри хьэщIэр къеупщIащ Хъуэжэ.

Адыгэ хабзэм зригъэхьу «къеблагъэ» жиIа щхьэкIэ, Хъуэжэ тхьэмыщкIэ Iейуэ псэурти, щIегъуэжащ.

- КъыфIэдзэ си бзэгум, - жиIащ Хъуэжэ.

Шум къыгурыIуэри, шэсри дэкIыжащ.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Джэдкъазым, къуалэбзум ятет цы щабэ. **4**. ... - сыргу макъ къэIуащ. **6**. Iэщ ... бгъашхэмэ, уи Iупэр дагъэ къищIынщ, цIыху ... бгъашхэмэ, уи Iупэм къеуэжынщ. **8**. Ерыскъыр щызыпэубыда, щымащIэ дыдэ зэман. **10**. ... Ипщэ къуажэ. **12**. ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI ... щощIэ. **13**. Къуаргъ лъэпкъ. **14**. ЩэкIым иIэ курыжэ, езым емыщхьу. **15**. Уэс жьгъей дыдэ. **17**. КъурIэным и зы пычыгъуэ.

***Къехыу:*** **1**. Унагъуэ Iэщ пIащэ. **2**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **3**. Къуныжь Хьэждал игъэзащIэ «Лэскэн хъыджэбз» уэрэд цIэрыIуэм и псалъэхэр зытха, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **5**. Мэ дахэ къакIэрихыу, псы Iуфэхэм, псынащхьэхэм къыщыкI удз: хущхъуэгъуэу къагъэсэбэп. **6**. ТепIэнщIэлъын Iув. **7**. Вым тралъхьэ бжьым и кIапитIым иIэ гъуанэхэм ирагъэж башхэр. **9**. Зеикъуэ къуажэм щыIа колхозым и председателу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **11**. Пасэрей адыгэ унэхэм я щхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **16**. Бдзэжьей зэрещэ. **18**. Таурыхъхэм хэт фызыжь хьилэшы.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**.




***ЩэкIуэгъуэм и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Къелар. **6**. Бажэм. **7**. Ныбэр. **8**. Iэнэм. **10**. Мыхъу. **15**. Джэдур. **16**. Дзыгъуэр. **17**. Былым. **18**. Мывэр.
***Къехыу:*** **1**. Телъым. **2**. Махуэм. **3**. КIапэр. **4**. МэкIуэж. **9**. ЩIыб. **11**. Къэзыхь. **I2**. Яубыр. **13**. Жыгым. **14**. Уэрэд.





# Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ щызэщІэжьыуэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым и щІыхьэпІэ пэшышхуэр сурэт дахэхэм яуфэбгъуат щэкІуэгъуэм и 1-м и пщыхьэщхьэм. Зэманыр хэкІуэтауэ къыпщигъэхъуу пшапэр зэрызэхэуами къызэтригъэувыІакъым цІыхухэр, къалэдэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ къыщІыхьащ абджыпсым къыпхыщ сурэт телъыджэхэр зрагъэлъагъуну, абы щыжаІэм щІэдэІуну. «Остановись, мгновение...» зыфІаща гъэлъэгъуэныгъэр зейр Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и сурэтыщІ нэхъыщхьэ Дэцырхъуей Рузанэщ.**

- ДИ ІУЭХУЩІАПІЭР къыщызэІуахыгъа щэкІуэгъуэм и 1-м нэрымылъагъуу къанэ ди сурэтыщІхэр дгъэлъэпІэну мурад тщІат. Апхуэдэ ІэщІагъэлІу тІу диІэу аращи, Мамбэт Пётр нэхъ къищтащ япэу Рузанэ и ІэдакъэщІэкІхэр утыку къитхьэмэ. 2026 гъэм илъэс 90 хъунущ ди театрри, ар къэмыс щІыкІэ Пётр ейри къызэдгъэпэщыну ди мурадщ, - жиІащ зэІущІэр къыщызэІуихым Урыс драмэ театрым и унафэщІым и къуэдзэ Вэрокъуэ ХьэІишэт. - Апхуэдэуи мы гъэм Рузанэ егъэлъапІэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуар. Унагъуэ дахэу зэхэт ди ІуэхущІапІэм и лэжьэкІэм ещхьщ нобэрей ди пшыхьри - гуапэщ, хуабэщ, хуитщ.

Рузанэ хуэгъэза псалъэ гуапэхэм къыдэкІуэу, ХьэІишэт кІэщІу и гугъу ищІащ гъэлъэгъуэныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуа махуэм пщэрылъ къыпщищІ Іуэхум - театрым и тхыдэм. Я зэман емыблэжу пшыхьым зыкъэрезыгъэхьэлІахэми фІыщІэ яхуищІащ.

Абы къыщыпсэлъахэу КъБР-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Къаныкъуэ Жаннэ, ди республикэм и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ Куэтэншы Хьэлимэт, СурэтыщІ гъуазджэмкІэ музей Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм и гуащэ Ремхен Еленэ сымэ зы жьэу жаІащ Дэцырхъуейм и ІэдакъэщІэкІхэр зэрыкупщІафІэр, ар гъуазджэм ирипсэу, и гуащІэм гурыфІыгъуэ хэзых цІыхуу зэрыщытыр, и гум ирилъхьэ дэтхэнэ зы мурадыфІри хъуэпсапІэри къехъулІэну зэрагуапэр.

СурэтыщІым и гугъу мащІэу фхуэтщІынщ. Дэцырхъуей Рузанэ Мухьэмэд и пхъур шыщхьэуІум и 13-м 1974 гъэм Лашынкъей къуажэм къыщалъхуащ. ЦІыкІунитІэу щІидзащ ар сурэт щІыным дихьэхын, ирипхъэхэмкІэ къэзыухъуреихь дунейм зэрыхуещытыр къигъэлъэгъуэну хущІэкъурт. Адэ-анэм ялъагъурт ар икІи зэрыдэІэпыкъуным, зэрытрагъэгушхуэным яужь итт. Курыт еджапІэр къыщиухым, нэгъуэщІ Іэщагъэ зригъэгъуэтыну и пщІыхьэпІи къыхэхуакъым. 1998 гъэм абы къиухащ Косыгин А. и цІэр зэрихьэу Москва дэт текстиль академием прикладной гъуазджэмкІэ и факультетыр. Зы зэманкІэ ди къэралым и къалащхьэм дэт уней ІуэхущІапІэхэм ящыщ зым сурэтыщІ-модельеру щылажьэри, итІанэ и хэку къигъэзэжащ. Илъэс куэд щІауэ Налшык и театрхэм ядолажьэ, и сурэтхэр ищІынми ар зэран яхуигъэхъуркъым. Урысейм и СурэтыщІхэм, и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ, и лэжьыгъэм министерствэ зыбжанэм я гулъытэ къилэжьащ, щІыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

«Пылающий июнь», «Сирень», «Садовый букет», «Амфитрита», «Первый снег», «Радости жизни», «Лето в горах», «На встречу жизни», «Сказка для двоих», «Восточная сказка», «Ирисы», «Жар птица», нэгъуэщІ фІэщыгъэхэри зиІэ ІэдакъэщІэкІхэм, театр щыгъыныгъуэхэм я эскизхэм узыІэпашэ жыпІэнри зыри жумыІэхэнри зыщ. АпхуэдизкІэ нэІурытщ, апхуэдизкІэ теплъафІэщ, гупсысэ куу зэрыхэгъэпщкІуар псэкІэ зыхыуагъащІэу хуабэхэщи. Ахэр гъэзэщІащ жыпхъэ зэмылІэужьыгъуищкІэ. Акрилрэ дагъэр зи лъабжьэ лэчкІэ щІащ нэхъыбэр, адрейхэр къыхэгъэсыкІащ (пирографие), ещанэхэм графитаж жыхуаІэ жыпхъэр я лъабжьэщ. Иужьрейр «мастэ гъущэ» зи фІэщыгъэ Іэмалым, сурэтыр мастэкІэ, лезвэкІэ, сэ цІыкІукІэ гъущІым щытратхъэм, нэхъ пэгъунэгъущ. Графитажыр зэращІри апхуэдэущ, ауэ гъущІым и пІэкІэ къагъэсэбэпыр нэху зыпхрагъэдз, траха сурэтыр зытращІыхь кІэлъымпІэ псыфырщ.

- Театрым и унафэщІхэм си гъэлъэгъуэныгъэ тщІымэ зэрагуапэр къыщызжаІэм сыщыгуфІыкІащ икІи си студент ІэдакъэщІэкІхэм щегъэжьауэ зэман зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьахэр - псори зэхэту лэжьыгъэ 50-м нэс - утыку къитхьащ, - жиІащ езы Рузанэ псалъэ щратым. - «КъэувыІэ, напІэдэхьеигъуэ...» щІыфІэсщари зы дакъикъэ, зы теплъэгъуэ къызэтезгъэувыІэну сытым дежи сызэрыпылъыр аращ. Куэдрэ къохъу си нэм къыІуидза гуэр зы зэманкІэ си щхьэм щысхъумэу иужькІэ ар сурэт гъэщІэгъуэну къыщызэрытІэпІыкІыж. Къапщтэмэ, дэтхэнэ си зы лэжьыгъэри къызэтеувыІа меданщ.

ЗэІущІэм кърихьэлІа псоми фІыщІэ яхуищІащ Рузанэ, гулъытэу къыхуащІам хуэдиз пщІэ дэтхэнэми къылъысыну зэригуапэри къыхигъэщащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Пщэдей МВД-м и лэжьакІуэм и махуэщ

# НыбжьыщІэхэр щагъэгъуазэ



**УФ-м Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и ІэнатІэхэм я лэжьакІуэм и махуэм ирихьэлІэу, Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм балигъ мыхъуахэм я ІуэхухэмкІэ и инспекторхэр, районым Ветеранхэм я советым и лІыкІуэхэу милицэм и подполковникхэу Савинов Александррэ Каджаев Джафаррэ ящІыгъуу, къызэрагъэпэщри ныбжьыщІэхэм Прохладнэ къалэм дэт тхыдэ-лъахэдж музейм зыщрагъэплъыхьащ.**

А ІУЭХУМ хэтащ къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым щыщ Клюй Андрей, «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэ» сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм хэтхэмрэ волонтерхэмрэ. Абыхэм ирагъэлъэгъуащ урысей полицэм и тхыдэмрэ и зыужьыныгъэмрэ траухуа стендхэр.

- Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэр лІыгъэ зыхэлъ цІыху лъэщхэщ, хабзэмрэ пэжыгъэмрэ, гъащІэмрэ цІыхум и хуитыныгъэмрэ, къэралымрэ жылагъуэмрэ яфІ зыхэлъыр зыхъумэхэщ, - къыхигъэщащ Савинов А.

Илъэс 14 ирикъуа ныбжьыщІэхэм мыбдежым гуапэу щратащ Урысей Федерацэм и паспортхэр.

ЗэІущІэм и кІэухыу ныбжьыщІэхэм фІыщІэ хуащІащ езыгъэблэгъахэм, ялъэгъуар къазэрыщыхъуам теухуауэ зэпсэлъащ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

● Грэпплинг



# Щыми медаль зырыз

**Мэзкуу областым и Наро-Фоминск къалэм щекІуэкІащ грэпплингымкІэ Урысейм и Кубокыр къэхьыным хуэунэтІа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щІыналъэхэм ящыщу 37-м я бэнакІуэ 300-м нэблагъэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрыр зэхьэзэхуэм цІыхуищкІэ къыщыгъэлъэгъуауэ щытащ икІи щыми медаль зэхуэмыдэхэр абы къыщахьащ. Урыс Мухьэмэдрэ Балэ Хьэсэнбийрэ я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпІэхэр щаубыдащ, Таппасханов Ислъам етІуанэ хъуащ.

Къыхэдгъэщынщи, спортсменхэр гупибгъуу гуэшауэ щытащ икІи ахэр зэпеуащ «Грэпплинг», «Грепплинг-ги» бэнэкІэ лІэужьыгъуэхэмкІэ. Абыхэм щытекІуахэм Іэмал ягъуэтащ иджы екІуэкІыну Европей чемпионатым хэтыну.

**КЪАНШЫУЕЙ Алим.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту яттхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.487 • Заказыр №2413

ДИ ХЭЩІАПІЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А